85.3
В
Н-97

Муратбай НЫЗАНОВ

# КИНО ҚАЛАЙ ЖАРАТЫЛДЫ





**Книга должна быть возвращена не позже указанного здесь срока**

Количество предыдущих выдач ________

| | |
|---|---|
| ~~19.02.17~~ | 774 |
| ~~11.11.17~~ | ~~3373~~ |
| ~~21.01.18~~ | 41 |
| 6 XII 19. | 1583 |

Уоб. отд. РППО «Союз» б/ф. 99-1-96
тир. 4.700.00, У. Ш. Зак. В-29

85.3
Н-97

МУРАТБАЙ НЫЗАНОВ

# КИНО ҚАЛАЙ ЖАРАТЫЛДЫ?

НӨКИС
«БИЛИМ»
2014

УОК 778,5
КБК 85,317
Н-97

**М.Нызанов. Кино қалай жаратылды?** Нөкис, «Билим» баспасы, 2014-жыл, 52 бет.

**УОК 778,5**
**КБК 85,317**
**Н-97**

Бул китапша Қарақалпақстанда Миллий кино өнеринин пайда болыўы хәм раўажланыўы жолларына бағышланған болып, әсиресе онда көркем фильмлерди сүўретке алыўдағы машқалалар, кино түсириў пайытында жүз берген қызықлы ўақыялар тартымлы сүўретленген.

Китапша оқыўшыларды бийпарқ қалдырмайды деп ойлаймыз.

Пикир билдириўшилер:

**Шарап Уснатдинов** — Қарақалпақстанға мийнети сиңген журналист
**Кеңесбай Реймов** — Өзбекстанға хызмет көрсеткен журналист

RESPUBLIKALIQ
MA'LIWMATLEME-RESURSLIQ
WORAYI
INV № 87333
T19

ISBN 978-9943-4188-8-2

© «Билим» баспасы, 2014

## АВТОРДАН

Мениң ең көп жемисли мийнет ислеген мәкемелерим «Қарақалпақстан» баспасы менен «Қарақалпақфильм» киностудиясы болды.

Биринши мәрте басшылық жумысқа өтиўим «Қарақалпақстан» баспасынан басланған еди. Бурынлары бир өзим бир кабинетте отырып көрмегенликтен, биразға дейин көнлиге алмай жүрдим. Кабинет тым-тырыс. Телефон да шыңғырлай бермейди. Қыялыма, хәмме кетип қалып, жумыста бир өзим қалғандай едим.

— Есап бетимизде қанша ақша бар? — деп сорадым бухгалтерден.

— 900 сўм, — деди ол.

Сол ўақытлары бул ақша еки адамға ғана айлық болатуғын еди. Демек, бул жерге кабинетте отырып ислейтуғын директор емес, жуўырып-жортып ислейтуғын директор керек екен. Солай иследик те. Көп өтпей, баспа өз қәддин алды. Жылына 150-180 атамада китап шығаратуғын дәрежеге жетистик. Баспаның экономикалық жағдайы жақсылана баслады.

1998-жылы баспаның 70 жыллық мерекесин салтанат пенен өткериў бизге несип етти. Арадан өткен жети-сегиз жыл ишинде кәсиплеслеримизден Исмайыл Қыдыров, Зубайда Ишманова, Гүлистан Пирназарова, Кеңесбай Бекниязов, Гүлсара Муртазаева, Арзыхан Аташева, Турсын Сейдановалар хәр қыйлы хүрметли атақ хәм мәмлекетлик сыйлықларға миясар болды. Өзим 1999-жылы «Дослық» орденин, 2001-жылы «Қарақалпақстанға мийнет синген мәдених хызметкери» хүрметли атағын алдым.

2003-жылы 17-мартта «Қарақалпақфильм» киностудиясына жумысқа келдим. Бул жерде де тап баяғыдай аўхалға дус келдим. Жайлар суўық, хеш ким орнында отырмас екен. Кимди излесем, төменнен — қараўылханадан табаман. Бәринен де қәўетерлиси студияның финанслық жағдайы еди. Биринши мәрте съёмкаға шығыўға пул таба алмадық. Базардағы таныс саўдагерлерден бес мың сўм қарыз алып, «Елабат»қа съёмкаға кеткенбиз.

Лекин, кейин ала мен ушын ең қызықлы жумыс орны — усы киностудия болды. Айта жүргендей ўақыялар да көп ушырасты. Соның ушын да бул китапша толық студия турмысына арналды.

2008-жылы Едиге ҳаққында ҳүжжетли фильмди сүўретке алдық. Режиссёрлыққа Ташкенттен Дәўран Абдуллаев шақыртылды. Ол «Танка»да бас оператор болып ислеген, үлкен тәжирийбеге ийе, жақсы қәниге ҳәм инсан сыпатында да ҳүрметке ылайық адам еди. Съёмка жаз айларының биринде өтти.

— Едигени жыраў жырлаған ўақта көк гүркиреп, күн жаўған, — дедим мен Дәўран ағаға. — Бул халық аўзындағы әпсана. Бирақ, илажы болса биз соны кинода көрсете алсақ.

— Оның ушын өрт сөндириўши машина алдырып қойыўымыз керек, — деди ол. — Аспаннан жаўын себелетемиз. Кинода мүмкин емес нәрсениң өзи болмайды.

Кегейлиге барып, өрт өшириўши машина сорап алдық. Әдетте, съёмка болатуғын жерге ҳәммемиз 4-5 саат бурын барып таярлық көремиз. Бул рет те солай исленди. Аспан ашық еди. Сарҳаўыз бойына қур отыратуғын орын соқтық. Геўгим түскен ўақытлары халық жыйналып болды. Өрт өширетуғын машина да келди. Ортаға от жағылды.

— Алқисса, Едиге периден туўылған еди, — деп қобызын қолға алды жыраў Бақберген Сырымбетов.

Журт силтидей тынып жыраў тыңлады. Бир ўақытлары қубла батыстан уйтқыған қара бултлар келе баслады. Изинше батыстан, арқадан изли-изинен жарқылдаған шақмақ шағыўға карады. Биз еле өрт өшириў машинасын пайдаланбадық.

Кинооператор Батырбек Дилмуратов биресе қурдағы адамларды, биресе жарқылдаған шақмақты сүўретке алып атыр.

Фильм түсирилип шамаласа келгенде бирден нөсер қуйып кетти. Алдын силпи де болған жоқ, тамшы да тамған жоқ. Ойламаған жерде аспанның түбелеги түсти, шелеклеп қуйды. Биз зорға прожекторды өширип үлгердик те, машинаға жуўырдық. Соның арасынша-ақ, ҳәўизге сүңгип шыққандай болған едик.

Аўыл адамлары биротала жаўын астында қалды.

— Муратбайжан, исендим Едигениң көраматына, исендим, — дейди Дәўран аға күлип, ийегинен жаўын суўы сорғалап.

Кинода усындай ўақыялар көп болды.

Адам жас минген сайын мақтаншақ болады, .дейди. Мен де пайғамбар жасына келдим. Бул китапшада айтажақ гәплерим сол пикирлерди бираз тастыйықлаңқырап турады. Айтпайын десем, айтқым келеди.

Киностудия – мениң илҳам бағыш жумыс орным болды. «Танка»дан басқа жети көркем фильмге, төрт мултьфильмге, отыздан аслам ҳүжжетли фильмлерге сценарий жаздым. Үш роман, бир повесть, бир музыкалы драма, еки комедия сол кеңседе жазылды. Мен ҳәр алтыншы-қала күни, оннан тысқары күнде кеште саат 6-7ден 11-12ге дейин кабинетте дөретиўшилик жумыс пенен шуғылландым. Мийнетимнин ҳеш қайсысы зая кетпеди. Студияда ислеген дәўиримде «Қарақалпақстан халық жазыўшысы» атағын алдым, Бердақ сыйлығының лауреаты болдым.

Бирге ислеген кәсиплеслерим маған қәдирдан дослар болып қалған. Режиссёр Төренияз Қәлимбетовтың сөзсиз фильмлерин жоқары баҳалайман. Бәўетдин Баймурзаев фантазиясы бай ҳәм шебер режиссёр, оператор Әсенбай Асқаров ҳәм телевидение, ҳәм киноға бирдей, универсал қәниге. Батырбек Дилмуратовтың пүткил саналы өмири усы киностудияда өткен. Оның киноға деген ықласы сонша, жумысынан айрылып қалмаў ушын, онынщыдан кейин оқымай қояғойған. Бахтияр Мадияровтың салдамалылығы өз алдына бир «образ».

Бул жерде ҳәмме кинонын өзиншелигине түсинип кеткен. Бүгин дем алыс яки жумыс күни питти деп есапласып отырмайды. Бир кино шығарыўды, бирликте мереке атқарғандай түсинеди.

Қулласы, ол жерде киноға жат адамның өзи жоқ.

Соның ушын бул китапшаны он жыллық дөретиўшилигимнен естелик ҳәм кәсиплеслериме саўға деп билемен.

## АЛҒЫ СӨЗ

Қайсы бир тараў жаңадан шөлкемлестирилген ўақытларында оның өзине тән қыйыншылықлары ҳәм жаратылыў тарийхы болады. Бул тарийх сол ўақытлары елеспесиз көрингени менен ўақыт өткен сайын оның қәдир-қымбаты артады, сол ўақыяны билген ҳәм қатнасқан адамлар ҳәўес пенен еске алып отырады.

Москвадағы Красногорск киноархивинде Қарақалпақстан турмысынан 1928-жылдан 1939-жылға дейин түсирилген кинокадрларды көрип, қатты қуўандым. Лекин, олардың режиссёрлары да, операторлары да сол ўақыттағы орайлық студиялардан келген болып, бурынғы аўқам кинохроникасы темаларында түсирилген еди. Олардан нусқа көширип алыўға руқсат алдым, лекин, ис жүзинде материаллық мүмкиншилигим болмады.

Әлбетте, бизиң республикамызда ол дәўирде кино көркем-өнери шөлкемлеспеген, деген менен сол кадрларды сүўретке алыўға жәрдем еткен, шөлкемлестирип берген аўылласларымыз болғанлығы анық, егер сол пайытта кадрға түскен ақ жаўлықлы қарақалпақ ҳаялларының кимлиги жазып алып қалынғанда бүгинги күни қызықлы ҳәм қунлы тарийхқа айланған болар еди.

1939-жылдан 1970-жылға дейинги республикамыз турмысынан сүўретке алынған кинокадрлар Өзбекстан Мәмлекетлик киноархивинде сақланған. Киностудияда ислеп атырған ўақтымда айырым зәрүр болған сюжетлерди көширип алып келгенмен. Егер Москвадағы ҳәм Ташкенттеги киносюжетлерден нусқа алып, оларды өз архивимизде сақласақ, әлбетте, баҳалы материал, бай тарийх болатуғыны сөзсиз. Бунын ушын онша көп болмаған қәрежет ҳәм 15-20 күн ўақыт керек болады.

Жетписинши жылдан кейинги тарийхый кадрлар «Қарақалпақфильм» киностудиясы архивинде сақланып тур. Сол жылы Өзбекстан Республикасы кинематография бойынша мәмлекетлик комитетиниң 19-февральдағы № 45 қарары менен Нөкисте Өзбекстан ҳүжжетли ҳәм илимий-көпшилик фильмлер киностудиясының Қарақалпақстан филиалы ашылады. Студия 1970-жылдың 1-апрелинен жумыс баслайды. Дәслепки жыллары киностудияға жылына 2 фильмди

қарақалпақ тилине аўдарыў, «Қарақалпақстан» киножурналының 4 санын ҳәм 2 ҳүжжетли фильм сүўретке алыў жоба етип белгиленген. Киностудия директоры лаўазымына белгили жазыўшы Жолмурза Аймурзаев тайынланады. Ал, дәслепки режиссёры Сатбай Алланазаров, кинооператоры Нағмет Даўқараев, сүўретке алыў топарының директоры ўазыйпасы филиал директорының орынбасары Парахат Сабуровқа жүкленди. Буннан кейинги жыллары киностудияға Генжемурат Изимбетов, Камал Мамбетов, Нағмет Даўқараев, Оразбай Абдирахманов, Төренияз Қәлимбетов, Қонысбай Жандуллаевлар директор болып тайынланады. Мен бул жерде сегизинши мәрте тыйынланған директор едим. 2013-жыл 17-октябрьден баслап киностудияға Бегдулла Султанов басшылық етпекте.

1970-жыл киностудия ушын дәслепки адым еди. Солай болса да, студия жәмәәти, өзиниң жаслығына қарамастан белгиленген жоба көрсеткишлерин ылайықлы орынлайды. Сол жылдың өзинде республика кинотеатрларына қарақалпақ тилине аўдарылған «Ана муҳаббаты» («Материнская любовь») (2-серия), «Судланбасын» («Неподсуден»), «Ҳаялымның намысы» («Честь моей жены»), «Өспиримлер» («Подростки») (2-серия) фильмлери шығарылады. Режиссёр Ғулом Салихов «Хамраз» фильминиң дубляжын жуўмақлайды. Филиал жәмәәти, Ташкент киностудиясы дөретиўшилери жәрдеминде, Қарақалпақстанның тарийхый турмысын сәўлелендирген «Қарақалпақстан» киножурналының 4 санын экранларға шығарыўға миясар болады.

1971-жылға келип филиалдың өндирислик жобалары кеңейип, көркем фильмлердиң дубляжы он екиге, «Қарақалпақстан» киножурналының саны алтыға жеткериледи ҳәм соның менен бирге жылына 2 ҳүжжетли фильм сүўретке алыў нәзерде тутылады. Буның ушын, әлбетте, кино тараўына дөретиўши хызметкерлердиң үлкен потенциалын тартыў керек еди. Соньлықтан белгили көркем-өнер шеберлери Юлдаш Мамутов, Рейимбай Сейтов, Яхыт Алламуратова, Сапаргүл Әўезова, Досберген Ранов, Қуўатбай Абдиреймов, Нажиматдин Аңсатбаев, Жалғас Султабаев, Мамбетбай Садықов, Райхан Сапарова, Балтанияз Қайповлар дубляжға, режиссёр лаўазымына Ташкент театр көркем-өнер институты питкериўшилери Зинел Аблакимов, Азат Шарипов, Узақбай Жалимбетовлар, редактор лаўазымына Рахим Каймаков ҳәм басқалар жумысқа шақырылады. Режиссёр-оператор сыпатында Нағмет Даўқараев, Пердебай Қайповлар жумыс алып барады.

Қарақалпақ миллий киносы республика дөретиўши жәмәәтлери арасында ылайықлы орын ийелеп Башқуртстандағы (1977-жыл), Татар-

стандағы (1981-жыл), Дағыстандағы (1984-жыл) Қарақалпақстанның мәденият күнлерине өз фильмлери менен қатнасады ҳәм фильмлер сол республикалардың «Ҳүрмет жарлығы» ҳәм баҳалы сыйлықларына миясар болады.

1981-жылға келип киностудияның Қарақалпақстан филиалы өзиниң таза имаратына ийе болады ҳәм материаллық-техникалық базасы беккемленеди.

Усыған байланыслы ҳүжжетли фильмлер ҳәм дубляждың саны көбейеди. Соның менен бир қатарда буйыртпа фильмлер де түсириле баслайды.

Тоқсаныншы жылларға келип қарақалпақ жазыўшы ҳәм журналистлери — Оразбай Абдирахманов, Алпысбай Султанов, Марат Таўмуратов, Пердебай Қайпов, Амангелди Халмуратов, Сағындық Ембергенов, Мамбет Садуллаев ҳәм басқалар бир неше ҳүжжетли фильмлер ҳәм киножурналларға сценарийлер жазды. Жергиликли кадрлардан режиссёрлар өсип жетилди. Пердебай Қайпов, Төренияз Қәлимбетов ҳәм Таласбай Абдиреймовлардың режиссёрлық жумыслары экранларда пайда бола баслады.

Еки мыңыншы жылдан кейин олардың қатарына Бәўетдин Баймурзаев, Бектилеў Нызаматдинов, Лиза Ахымбетовалар келип қосылды.

Бул қарақалпақ кинодөретиўшилериниң ҳәр қыйлы жанрларда өз күшлерин сынап көриўине мүмкиншилик жаратты. Солай етип, дәслепки қысқа метражлы көркем фильмлер — «Тығын» (1990, режиссёр Т.Қәлимбетов), «Қайтыў» (1992, режиссёр Б.Низаматдинов) сүўретке алынды. 1990-жылы студия Өзбекстан илимий көпшилик ҳәм ҳүжжетли фильмлер студиясы базасында, «Қарақалпақфильм» киностудиясы болып қайта шөлкемлестирилди.

Режиссёр Т.Қалимбетовтың бир қатар ҳүжжетли фильмлери, атап айтқанда «Отаў», «Атбеги», «Қудық», «Пидайылар» фильмлери сырт еллердеги кинофестивалларға қатнасып, ылайықлы баҳаланды.

Бурынлары көркем фильмлерди сүўретке алыўда Өзбекстанның тәжирийбели қәнигелеринен жәрдем алынған болса, 2002-жылы «Танка» (сценарий авторы Муратбай Нызанов, режиссёры Төренияз Қалимбетов, операторы Даврон Абдуллаев) фильми «Өзбекфильм» киностудиясының техникалық жәрдеминде, қарақалпақ дөретиўшилери жаратқан дәслепки толық метражлы көркем фильм болды.

Еки мыңыншы жыллардан баслап миллий кино тараўында кескин бурылыс жасалды. Президентимиз И.А.Каримовтың «Кинематография

тарауында басқарыуды жетилистириу ҳаққында»ғы 2004-жыл 16-мартдағы ПФ - 3407 санлы Пәрманы қабылланып, бул бойынша Өзбекстандағы барлық кино тарауының материаллық-техникалық базасы беккемленди. Соның ишинде «Қарақалпақфильм» киностудиясы да улыўма баҳасы 52 млн. сўмлық жаңа цифрлы видеокамералар, монтажлаў столлары менен тәмийинленди. Бул дөтериўши хызметкерлердиң және де жемисли ислеўине мүмкиншилик берди.

Сол дәўирге дейин жылына сегиз ҳүжжетли фильм менен шекленип келген студия енди ҳәр жылы 15-20 ҳүжжетли фильм ислеп шығарыўға еристи. «Илим аспанының жулдызы», «Ҳәўжар», «Бет-ашар», «Нама алыспақ», «Отжағар», «Алакөз», «Миздакхан», «Гүлдирсин», оқыў-методикалық фильмлерден «Мениң байрағым», «Ҳуқықыңды билесең бе?», «Мениң нызамым» сыяқлы бир неше фильмлер усының айқын дәлили болып есапланады. Сондай-ақ, қарақалпақ киносы тарийхында биринши мәрте, 2006-жылы «Еринщек» атамасындағы мультфильм жаратылды. Келеси жыллары бул мультфильмлерге «Қасқыр ҳәм түлки», «Сақый шаҳзада», «Ашкөз қораз» фильмлери қосылып, сан ҳәм сапа жағынан артты. Балалар турмысына бағышланған «Түлкишек» юморлық киножурналының бир неше саны экран жүзин көрип, кишкенелеримизди шексиз қуўанышқа бөледи.

2009-жылы биринши мәрте киностудияның өз техникалық ҳәм дөретиўшилик күши менен «Уры» атлы толық метражлы көркем фильм сүўретке алынды. Бул республика жәмийетшилигин оғада үлкен қуўанышқа бөледи. Буннан руўхланған дөретиўши топар усы жылы және бир көркем фильм — «Курорт» фильмин сүўретке алды. Бул — студия тарийхында айта жүргендей жетискенлик болды.

Жоқарыда айтып өтилген қатар жетискенликлерде талантлы кинорежиссёрлар, «Өзбекстанға мийнети синген мәдeният хызметкери» Төренияз Қалимбетов, «Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен көркем-өнер ғайраткери» Баўетдин Баймурзаaев, Бектилеў Низаматдинов. Лиза Ахымбетова, операторлар «Меҳнат шуҳраты» орденининң ийеси Батырбек Дилмуратов, Әсенбай Асқаров, картина директоры Пердебай Өтебаев, Бахтияр Мадияровлардың салмақлы үлеси бар.

Қулласы, өткен қырқ жылдан аслам дәўирде «Қарақалпақфильм» маркасы менен бир неше жүзлеген ҳүжжетли фильмлер, жети-сегиз көркем фильмлер жаратылып, халық нәзерине усынылды. Ендиги әңгимемиз биринши ҳәм оннан кейинги қарақалпақ миллий көркем фильмлери ҳаққында болмақшы.

# КИНО-КИНО БОЛАМАН ДЕГЕНШЕ

## «ТАНКА»

Жоқарыда айтып өткенимиздей биринши миллий қарақалпақ көркем фильминиң де өз алдына жаратылыў тарийхы бар. Әлбетте, буннан бурын да Қарақалпақстан турмысынан сүўретке алынған «Арал балықшылары», «Қайсар қыз», «Гум-гум» атлы көркем фильмлер болды. Лекин, бул фильмлер рус тилинде жаратылды ҳәм онда қарақалпақ актёрлары дерлик елеспесиз роллерди атқарды. Сонлықтан толық қарақалпақ актёрлары ойнап, қарақалпақ тилинде сүўретке алынған «Танка»ни биринши қарақалпақ миллий киносы деп айтыўға ҳақылы шығармыз деп ойлайман.

Киноның жаратылыў тарийхы бойынша аз ғана шегинис жасаўға туўра келеди. Себеби, мениң ҳәм Сайлаўбай Жумағуловтың бир дүркин сатиралық гүрриңлеримизди алып Ташкентке барыўымыз, тийкарынан усы фильмге дейин барып жететуғын басқалдақтың ең биринши текшеси хызметин атқарды.

Биз Сайлаўбай екеўмиз белгили өзбек жазыўшысы, қазақлардың Абай Қунанбаевынан баслап Мухтар Әўезов, Сабит Муханов, Әбдижамил Нурпейисов, қулласы көзге көринген қазақ жазыўшыларының барлығын дерлик өзбек оқыўшыларына таныткан, еки халық ортасында «әдебият көпири» лақабын көтерген ақсақал Насыр Фазылов пенен 1984-жылы Ғафур Ғулам баспасында ушырасыўға миясар болдық.

Ол усы жерде проза бөлимин басқарады екен. Қолымызда «Ёшлик» журналының сол ўақыттағы бас редакторы Аман Матжанның тилдей ғана сәлем хаты бар еди: «Насыр ака! Олдингизга икки қорақалпоқ сатиригини жунатяпман. Асарларини ўқиб кўринг, маъқул бўлса таржима қилиб беринг!»

Насыр аға бизлерди салқынлаў қабыл етти.

— Хә, майли, оқып көремен. Лекин, билип қойың, Аман Матжан хат жазды, бул сөзсиз өзбекшеге аўдарылады деген сөз емес. Мақул болса аўдараман, болмаса өкпелемейсиз!

Насыр аға таза қарақалпақ тилинде сөйлер еди. Кейин билсек ол Асан Бегимовтың, Караматдин Султановтың, Турдымурат Нажимовлардың да шығармаларын өзбекшеге аўдарып, енди үш халық ортасында «әдебият көпири» болып алған екен.

Биз найлаж ийнимизди қысып қайттық. Басқа баратуғын жеримизәм жоқ еди.

Арадан бир-еки ай өтип екеўмиздиң де гүрриңлеримиз «Ёшлик» журналында жарқ ете қалды.

Изинше гүрриңлеримиз «Ўзбекистон адабиёти ва санъати» газетасында, «Муштум»да жәриялана баслады, радиода «Ҳажвий ҳикоялар» дүркининде оқылды, қулласы, биз қанша шығарма апарған болсақ, ҳәммеси қалмай өзбекшеге аўдарылды. Шығармаларымыздың Насыр ағаға мақул болғанына қатты қуўандық.

Сол-сол екен, Насыр аға менен биз ата-баладай жақын болып қалдық. Ол бизлерди белгили-белгили өзбек жазыўшылары менен таныстырды, Сайд Ахмадқа алғы сөз жаздырып, «Муштум кутубхонаси»нда китапларымызды шығартты. Расын айтқанда, туўған әкемиздей басымыздан сыйпады. Бары-жоғы үш-төрт жыл ишинде биз өзбек әдебияты ўәкиллериниң көпшилигине дерлик таныс болып қалдық.

Усы танысыўдың биринде мен бүгинги «Танка» фильминиң сүўретке алыныўына тиккелей тийкар салған жазыўшы Мурад Мухаммед Дост пенен де танысып үлгерген едим. Бул ўақытлары Насыр аға китап баспасынан «Шарқ юлдузи»на жуўаплы хаткер болып өткен, Уткир Хашимов журналдың бас редакторы, Мурад болса редактордың орынбасары еди.

— Биз Муратбайға Москваның өзбек жазыўшыларына көрсеткен өгей мүнәсибетин тәкирарламаўымыз керек, — дер еди Насыр аға мени таныстырар екен. — Себеп, қарақалпақлар қаны-қанымызға жақын, жаны-жанымызға сырлас, туўысқан халық. Биз ет пенен тырнақпыз. Ет пенен тырнақты бир-биринен ажыратып болмайды.

Насыр ағаны ҳәмме өзбек жазыўшылары ҳүрмет қылар еди. Оның қәлбиндеги кеңпейиллик, мийирманлық, әсиресе шәкиртлерине болған шексиз ғамхорлығы оны усы ҳүрмет-иззетке миясар еткен.

Тоқсаныншы жыллары Мурад Мухаммед Дост жоқары лаўазымлы жумысқа өтип кетти. Оның менен Ташкентли жазыўшылар бәлким ушырасып туратуғын шығар, лекин, мен арадан өткен он-он бес жыл ишинде дийдарласпадым.

2002-жылы, умытпасам март айы болыўы керек, Ташкентке барғанымда Насыр ағаныкине сәлемге бардым.

— Жаңалықты еситтиңиз бе? — дедим оған шай үстинде.
— Не жаңалық? — деп маған ол қайта сәўал қойды.
— Мурад Мухаммед Дост «Өзбеккино»ға баслық болып келипти.
— Әне халқа-ас! Пенсияда жатырғаннан кейин Ташкенттеги жаңалықты 1200 шақырымнан келген сеннен еситип отырман-ә! Зыяны жоқ, ўақтым болғанда бир қутлықлап кетермен.

Насыр аға ғой, бара берер, лекин усы сапар мениң де Мурад пенен ушырасқым келди.

— Бүгиннен қолайлы ўақыт жоқ, Насыр аға! — дедим мен оған. — Баҳанада мен-әм қутлықлап қояр едим.

Насыр аға «Жигули»ди ходлады. Бардық. Тек мен емес, олар да бир-бирин көрмегенине бираз ўақыт болған екен. Апақ-шапақ болып қалды. Бираз ўақытқа дейин мени умытып кетти.

— Қәне, Муратбай, бизге хызмет бар ма? — деди бир ўақытта Мурад аға маған дыққат аўдарып. — Қуры Насыр ағаға ерип келмеген шығарсаң?

Расын айтсам, менде Мухаммед Достқа хызмет салғандай ой жоқ еди. Лекин, өзи сораған ўақытлары пурсаттан пайдаланып қалғым келди. Дәрҳәл бир усыныс ойлап таптым. Егер усынысым мақул түсе кетсе оннан хеш ким зыян көрмес.

— Мурад аға, бир илтимасым бар, — дедим оған. — Қарақалпаққа бир кино берсеңиз, авторы қарақалпақ болса, режиссёры қарақалпақ болса, қарақалпақ актёрлары ойнаса, ең баслысы кино қарақалпақ тилинде болса...

— Сизлерде көркем фильм түсиргендей режиссёр бар ма? — деди ол.

— Бар! — дедим мен де исенимли түрде. — Төренияз Кәлимбетов деген достымыз Ташкент театр институтының режиссура факультетин тамамлаған, «Қазақфильм»де режиссёр ассистенти болып ислеген. Бир қатар ҳүжжетли фильмлер жаратқан.

— Хә, есиме түсти, — деди ол. — Күни кеше оның «Ат беги» деген фильмин көрген едим. Фильм маған унады. Лекин... бул ҳүжжетли фильм дә!

— Мурат аға, ол көркем фильм де сүўретке ала алады. Мәселен, ол түсирген «Калпачок» атлы қысқа метражлы көркем фильм Қарақалпақстан телевидениесинде удайына көрсетилип турышты.

Бизлердин сораў-жуўабымыз ҳақыйқый түс алды.

— Бул көзи қысық қарақалпақ қарап жүрмейди, — деди Насыр аға күлип. — Қутлықлап қайтайық дегениңниң мәниси буяқта екен дә!

Мурад жеңил мыйық тартты да қойды.

— Мейли, режиссёрдың бир илажы болар, — деди соң. — Кинода ойнағандай актёрларыңыз бар ма?

— Әлбетте бар! Бизде үш республикалық театр, бес-алты халық театрлары ислеп турыпты. Оларда еки жүзге жақын профессионал актёрлар жумыс ислейди.

Пикиримди дәлиллеў ушын «еки жүз» деген сөз аўзымнан шығып кетти. Бирақ, Мурад аға да оның дурыс-надурыслығына итибар берип отырмады.

— Көремиз — деп бул теманы салқын жуўмаклады. Усынысымның изи усылай итибарсыз қалғанына қапа болдым.

Арадан еки ай өтип, Ташкентке жолым түскенде және Мурадтың алдына бардым.

— Мен сениң баяғы усынысың бойынша Нөкиске қоңыраў етип едим. Олар маған бес-алты киноның синопсисин (киноның қысқаша мазмуны) жиберген екен. Лекин, ҳеш қайсысы бизге мақул болмады, — деди ол.

Бул ўақыялардан мен пүткиллей хабарсыз едим. Егер хабарым болғанда мен де ҳәрекет етип көрген болар ма едим...

— Киносценарийди мен жазсам бола ма? — дедим оған.

— Неге болмайды?! Болады!

— Лекин, мен сценарий жазыўдың технологиясын билмеймен.

Ол жәрдемшиси арқалы кимдидур шақырды. Екеўмиз сыртқа шығып кеттик.

— Кино — бул ҳәрекет деген, — деди ол. Шамасы режиссёр болса керек. Маған туңғыш мәсләҳәт берген адамның кимлигин бүгинге дейин билмеймен. — Мәселен, пъесада 5-6 картина арқалы барлық ўақыяны ашып бериўге болады. Бирақ, онда көбирек сөз ойыны әҳмийетке ийе. Ал, кинода болса ҳәрекет. Сценарийдиң көлеми 35-40 беттен аспаўы керек.

Мениң киносценарий ҳаққында алған бар мәсләҳәтим усы болғаны еди.

Жасыратуғыны жоқ, сол күнлери Өзбекстан телевидениесинде «Пәзне» атлы ярым саатлық комедиям көрсетилип, соның пуўы менен кеўлим өсип жүрген күнлерим еди. Бул постановканы даўам етиў мақсетинде «Қәтере» атлы гүрриң тийкарында «Танка» деген телепостановка жаздым. Постановка тиккелей өзбек тилинде жазылды. Оның бас қаҳарманы Эргаш Каримов болыўы тийис еди.

— Көз тиймесин, жақсы жазылыпты, — деди ол мениң менен ушырасқанда. — Оқып маза қылдым. Маған болған ҳүрметиң ушын миннетдарман. Лекин, қапа болмаң, мен бул рольди ойнай алмайман. Адамлардан уяламан. «Эргаш ака жа мақтанчоқ бўлиб кетибди» деўи мүмкин. Бәлким, басқа биреўге ылайықлап жазып көрерсең.

Жазыўшы ушын шығармасын бастан-ақырына өзгертиўден қыйын нәрсе жоқ. Өзгерткенде кимге өзгертемен? Комедия ушын Эргаш акадан асып түсетуғын қаҳарман жоқ еди. Күтилмегенде оның бул постановканы ойнаўдан бас тартқанына қатты қапа болдым. Лекин, көркем фильм ҳаққында мына әңгимениң басланыўы менде қайтадан үмит оятты. «Киносценарийди мен жазсам бола ма?» дегенде усы постановкаға исенген едим.

Нөкиске келип, бир ҳәпте отырып, телепостановканы киносценарийге айландырдым ҳәм оны самолёттан Насыр ағаға жибердим. Насыр аға да еки күн ишинде өзбекшеге аўдарып, Мурадқа жеткерипти. Бир ҳәптеден кейин жумыс орныма қоңыраў болды.

— Тез Ташкентке келиң. Сценарий көркемлик кеңес ағзаларының ҳәммесине мақул болды. Лекин, азғантай қайта исленетуғын жерлери бар.

Көркем фильм жөнинде тәўекел айтыла салған усыныс усылайынша хайран қаларлық дәрежеде тез раўажланды. Таза басшының талғамы да өзгеше болып, бурынғы «шаблон»лардан жүз үгирип отырған пайыты болса итимал. Бул талғамға мениң сценарийимниң жуўап бериўи әлбетте қуўанышлы жағдай еди.

— Биз «Танка»ни өзимиз жазғандай қуўанып отырмыз, — деди Мурад аға маған. — Лекин, азғантай өзгерис исленетуғын жерлери бар. Сиз тойға «Алла Пугачёваны алдырып бересең» депсиз, кел, усы Раж Капур бола қалсын. Басқа да бир-еки жерин белгилеп қойыппан, көрерсең. Дүрмендеги киношылар үйиниң «Люкс» бөлмеси сениң еркинде. Бир ҳәпте ўақыт беремиз. Аспазлар аўқатыңды таярлайды. Машинка менен тәмийинлеймиз. Киношылар үйиниң «Дамас»ы алып кетеди.

Қәпелимде буншелли «әширепи» болып қалғаныма қысынып баратырман.

Дүрмендеги киношылар үйи қаладан 25-30 км қашықлықта, бир шетте екен. Қарасам ҳәўиттей жай боп-бос. Жети-сегиз бөлме, билярдхана, бассейн... лекин, дем алыс үйинде меннен басқа адам жоқ. Маған көрсеткен «Люкс» ханасы үш бөлмеден ибарат болып, оған анаў-мынаў кишигирим хожалық жайласса болады.

Аспазлар қазақ ҳаяллар екен. Олар маған түсликке сургөштен қуўырдақ таярлап берди. Аўқат жүдә мазалы болды. Қашқадәрьяның «тандыр кәбабы»н есиме салды.

— Кешке не таярлайық? — деди олар түсликтен кейин.

Мен және усындай қуўырдаққа буйыртпа бергим келип турды да, және ойландым.

— Соңлаў айтарман, — дедим де қойдым. Расын айтқанда бул кимсесиз сарайда қонып қалғым келмеди.

Машинкаға отырдым да, бир ҳәпте ишинде ислеў керек болған өзгеристи еки саатта тамамлап, қалаға қайтып келдим.

Солай етип, киносценарий таяр болды. Киноны сүўретке алыўшы дөретиўши топар ҳаққында буйрық шықты. Лекин, кино тегинликте басланаға оймады.

***

Ҳәр қандай драматург яки киносценарист жаңа шығарма жазыўға отырар екен, өзи жақсы үйренген, яғный, оның сөйлеў манераларын, қыймыл ҳәрекетлерин толық билетуғын, ең баслысы — өзи унататуғын актёрларды көз алдында «ойнатып» сценарий жазады. Бул нәрсе ертең сол актёр ушын да жеңил түседи ҳәм өмирдиң өзиндегидей болып шығады. Бунын ушын режиссёр, автор кимди көз алдына келтиргенин көкиреги таный билиўи яки автор менен мәсләҳәтли ис баслағаны мақул болады.

«Танка» телепостановкадан киносценарийге айландырылғанда ондағы сюжетлер дерлик толығы менен өзгерди. Ақыры, Эргаш Каримовты ким менен алмастырарымды билмедим дә! Ойлап-ойлап, сценарийдиң бас қаҳарманы көпшиликке белгили, ҳәмме сүйип тыңлайтуғын қосықшы болыўын таңладым. Лекин, бундай қосықшылар санаўлы болғанлықтан оның образын ҳеш бир қосықшының жүрис-турысына, ис-ҳәрекетине уқсатпадым. Аты да ҳеш кимге сәйкес келмейтуғын Баҳадыр Мурадов болды. Мурадов көбирек түркмен фамилиясына уқсап кетер еди. Басқа ҳәр қыйлы фамилия таңлап та көрдим, лекин, олар қайсы бир қосықшының фамилиясына уқсап кете берди.

Ҳәмме жазыўшы да өз шығармасының қаҳарманына ат таңлаўда усылай қыйналады.

Баҳадыр Мурадов ролине өзимше Бегебай Алланиязовты қыяслап жазған едим. Әлбетте, ол қосық айтпайды, лекин, экранға жарасықлы,

қайыңнан келген, шашлары жүзине түсимдар ҳәм удайы күле шырай берип туратуғын жүзи ысық актёр.

Ал, қәтереши излеп шығатуғын ғаррыға болса Шамурат Өтемуратовты таңладым. Кемпир ролине Маржан Халмуратованы. Басқа рольлерди ким ойнаўына қызықпадым. Мениң нәзеримде қосықшы бас қаҳарман, Шамурат екинши дәрежели, ал, қалғанлары соларды толықтыратуғын персонажлар еди.

Сценарий қабылланғаннан кейин бир айдан соң «Қарақалпақфильм» киностудиясында актёр таңлаў сынағы болды. Мен телевидениедеги жумысым удайы тығын-таян болып туратуғын болғанлықтан бул таңлаўға қатнаса алмадым.

Актёрларды режиссёр Төренияз Кәлимбетов ҳәм Ташкенттен келген киношылар таңлады. Онда Шамурат Өтемуратовтың, Қуўатбай Әбдиреймовтың, Сырға Айымбетованың тийкарғы рольлерге мақулланғанын еситтим. Мен нийетлеген Бегебай Алланиязов ол ўақытлары актёрлық кәсипти пүткиллей қойып кеткен екен. Маржан Халмуратова болса театрда күшли актриса болғаны менен кино ушын онша туўры келмепти. Қуўатбай Әбдиреймов бас қаҳарманға — қосықшы ролине таңланыпты. Қуўатбай аға қарақалпақтың биринши киноактёры. Оны Орайлық Азиядағы көплеген студиялар шақырып турады. Лекин, усы фильмдеги бас рольге мениңше оның жасы ҳәм айбаты жайғаспайтуғындай еди. Мен оны жасырып тура алмадым.

— Қуўатбай аға, кеширерсиз, мениң пикиримше сиз бул рольдиң рамкасына сыймай атырғандайсыз, — дедим оған. — Сизден өткен дәўир ҳаққында фильм болса хан яки бий, батыр рольлери, егер бүгинги дәўир болса шет елден келген қандайда бир уллы дәрежели мырзалардың образы жақсы шыққан болар еди.

— Оннан қорқпа, — деди Қуўатбай аға маған. — Билесең, мен кинода биринши ойнап атырғаным жоқ, сүўретке алыў пайытында жүдә жумсарып, киширейип қаламан. Сонда рамкаға биймәлел сыяман.

— Олай болса сақалыңызды алдырсаңыз...

— Я-ғғ-әй, сақалымды алдырсам мен өзиме уқсамайман.

Қулласы, ол пикиринен қайтпады. Мен «тәслим» болыўға мәжбүр болдым. Бир жағынан қайсы бир актёрдың телевизорда «мен қамырман, режиссёр қәлесе меннен баўырсақ, қәлесе шелпек писириўи мүмкин» деп берген интервьюи есиме түсти. Бирақ, Қуўатбай аға «қатты қамыр» екен. Оған режиссёрдың «билегиниң қарыўы жетпеди». Ол қанына питкен өр көкиреклик пенен аристократ ҳалында қалды. Сырға Айымбетова Шамураттың кемпири сыпатында маған да мақул

болды. Лекин, «типаж» деп таңланған айырым персонажлар маған елеге дейин унамайды.

Бизде көбинесе авторды киноның ийеси деп биледи. Ал, басқа жақларда кино биринши гезекте режиссёрдың мийнети деп түсиниледи. Мен өзим киноның ийеси автор деген түсиникти мақуллайман. Себеби, автор болмаса сценарий қаяқтан шығады? Автор «имаратты» қурады, режиссёр оған безеў береди. Режиссёр жақсы безей алмаса, автордың еңбеги дерлик еш болады.

Сонлықтан булар екеўин бир-биринен бөлеклеп қараўға да болмайды.

Сцераниййди сүўретке алыў пайыты жақынлады. Кино түсиретуғын объектлерди таңлаў ушын бир топар киношылар Нөкиске келди. Мен оларды аэропорттан күтип алдым. Жол-жөнекей не ушын бунша кешигип атырғанын сорадым.

— Сценарий таяр болмай қолымызды ирикти, — деди Дәўран Абдуллаев.

— Сценарий?! — Мен ҳайран болып сорадым. — Ақыры, ол таяр емес пе?

— Сизиңше таяры-таяр, Лекин, сиз бурын киносценарий жазып көрмегенсиз. Соның ушын оны тәжирийбели киносценаристке қайтадан көрсетип алдық.

Бул пикирди ким айтқаны анық есимде жоқ. Ҳақыйқатында да олардың маған исенбеўи тәбийий еди. Себеби «Арал балықшылары»нда Наўрыз Жапақовтың аты турған менен қасындағы орыс сценаристтиң тәсири басым еди. «Қайсар қыз»дың сценарийин болса Анатолий Қабулов жазды. Соның ушын да олар мениң сценарийим бойынша кино алыўға болатуғынына оқып көрмей-ақ көзи жетпеген.

Не де болса кеўлиме ғулғула түсти. «Мен жазған сценарий бир жақта қалса, биреў жазған сценарийге қалай автор боламан» деген ишки толғаныс қатты қыйнады.

— Сценарийге түнде көз жуўыртып шықтым, — дедим азанда оларға. — Толық оқыўға тақатым жетпеди. Егер усы турысында сүўретке алатуғын болсаңыз, онда мениң фамилиямды ҳәм киноның темасын алып таслай бергениңиз мақул болар еди.

Олар жеңил мыйық тартты да қойды. Мени еле «киноға түсинбейди» деген пикирде еди ҳәм сол ойлары менен кино түсиретуғын орынларды белгилеп болып қайтып кетти. Кейин билсем, бул «жаңадан жазылған сценарийди» өзлери де оқып көрмеген екен.

Ертеңине Насыр ағаға қоңыраў еттим.



RESPUBLIKALI'Q MA'LIWMET-RESURSLI'Q WORAYI' -87333

— Насыр аға, сиз қайтадан «көрип шығылған» сценарийди алып бир оқып көриң, — дедим телефонда. — Менинше, киношылар «танка»ның мәнисине түсинбей қалған қусаған. Әскерий округтан ҳақыйқый танкани айдап шығады, жетпис жасар Шамурат мотоцикльде жүреди. Ақыры, оны өлтирип аламыз ғой... Қулласы, мен бул фильмге автор бола алмайман!

— Өзиңди бас, — деди Насыр аға. — Көркемлик кеңестиң он бес ағзасы толық мақуллаған сценарийди өзгертиўге Мурад жол қоймайды. Мен бүгин-ақ барып сценарийди аламан.

Ҳақыйқатында да солай болды. Еки күннен кейин Дәўран аға қоңыраў етти.

— Биз сценарийди оқып көрмеген едик. Дурысында да сиз айтқандай бузып алған екен. Сценарийиңиз өз күшинде қалатуғын болды. Еки-үш күнге Ташкентке келип кетиң, режиссёрлық сценарийди бирге жазамыз.

Солай етип, Ташкентте Төренияз, мен, Дәўран Абдуллаев үшеўмиз еки күн отырып, режиссёрлық сценарий жаздық. Режиссёрлық сценарий деген бул — кино қандай кадрдан басланады, ҳәр кадр неше секунд ўақыт алады, фильм улыўма неше минутлық болып жаратылады, мине солар режелестириледи. «Танка» бизлер жазған режиссёрлық сценарий бойынша 360 кинокадрдан ибарат болып, улыўма ўақты 80 минутқа мөлшерленди.

Сол жерде мен Насыр ағаның сценарийди оқып шығып Мурад Мухаммед Достқа мүрәжәәт еткенин, ол дәрҳал ҳәммесин қайта жыйнап, көркемлик кеңес мақуллаған сценарийдиң бир сөзи де өзгертилмеўин, кинода толық қарақалпақ актёрлары ойнаўы кереклигин, бул фильм қарақалпақларға саўға екенлигин айрықша ескерткенлигин еситтим.

Солай етип, мен жазған сценарий бузыла жазлап, тас-тастан қалды.

***

Ғәрезсизлик байрамынан кейин кино түсириўши топар толығы менен Нөкиске келди. Лекин, бир ҳәптеге дейин сүўретке алыўды баслай алмады. Буған Шамурат аға себепши болған еди. Режиссёрлардың айтыўынша ол микроинсульт алып, үйинде төсекте жатырған екен. Докторлар оған түргеп жүриўге руқсат етпепти. Оның орнына актёр изленди. Қоңыраттан, ертеде актёрлық таланты менен танылған Жолдасбай Палымбетовты алып келди, Қанлыкөлден Шамурат ағаның даўысының дәл өзи болып сөйлейтуғын Қуўанышбай



[library stamp, illegible]

қызықшыны алдырды, басқа да актёрлар сынап көрилди, лекин, ҳеш бири Шамурат ағаға жазылған рольди атқара алмады.

— Енди бул ақсақалдың орнына басқа актёр алдырмасақ болмады, — деди Дәўран аға маған қоңыраў етип. — Ўақыт өтип баратыр. Сентябрьден кешиксе фильм ендиги жылға қалып кетиўи мүмкин. Соның ушын картина директоры Файзрахман Усманов ҳәзир аэропортқа шығып кетти. Барып Мурадтан руқсат алады ҳәм усы рольге қайым актёр алып қайтады. Сиз тағы нарийза болып жүрмең.

Телевидение баслығының орынбасары болыўдан қыйын жумыс жоқ. Мен өйерден былай-былай шыға алмағанлықтан, олардың бир ҳәпте актёр излегенин еситтим дә, бирақ, хабар ала алмаған едим.

— Дәўран аға, сәл асықпай турың, — дедим өтиниш етип. — Файзрахман да ушып кетпей турсын. Шамурат ағаға мен-әм бир барып көрейин. Бәлким «наз етип» атырған шығар.

Солай етип, мен, Дәўран аға, Төренияз ҳәм Жумабай Реймов деген невролог төртеўимиз Шамурат ағаның үйине бардық. Барсақ, ҳақыйқатында да ол басына үш көпшик қойып, шалқасына жатыр. Кемпири Орынгүл жеңгей қасында.

— Қәне, Шамурат аға, тикейип отырың, — деди Жумабай сәлемәликтен кейин.

Шамурат аға ҳайран болып қарады.

— Турың-турың, қорқпаң, мен докторман, — деди Жумабай.

Шамурат аға әстен тикленип отырды. Жумабай оның қолын алға создырды, бармақларының ушына тигилип қараўын буйырды, дизесине, өкшесине өзинин медициналық шөккиши менен урып көрди. Кеўли қәтержам еди оның.

— Қәне, орныңыздан турып есикке барып келиң, — деди кейин.

— Ҳаў-ў, қалай...? Маған түргелме деп қойыпты. Мен микроинсульт болғанман...

— Айтқанымды тыңлай бериң, ҳеш гәп болмайды!

Шамурат аға қорқа-қорқа есикке барып келди.

— Және бир мәрте барып келиң.

Ол және бир мәрте барып келди.

— Ақсақал, кинода ойнайсыз! — деди доктор күлип. — Сизде ҳеш қандай микроинсульт жоқ. Тек катты шаршағансыз. Инсульт дегенге қорқып-әм қалғансыз. Сиз сап-саўсыз! Керек болса сүўретке алыў пайытында өзим қасыңызда боламан.

Ҳәммемиздиң желкемизден аўыр жүк ысырылып түскендей болды. Шамурат ағаның қуўанғанын айтпайсыз ба? Ертеңине сүўретке алыў басланды. Шамурат аға аўырыўын умытып кетти.

Солай етип, киноны сүўретке алыў тынымсыз даўам етти. Мениң қолым исте болса да, кеўлим сүўретке алыў майданшасында еди.

Бир күни жас тамашагөйлер театрында «Ғәрип ашық» пьесасынан үзинди түсирилип атырғанлығын, Шахсәнем ролинде ойнайтуғын Мырзагүл Сапаева табылмай, усы театрдың жас актрисасы сүўретке алынып атырғанын еситтим.

Шыдай алмай жетип бардым. Барсам ҳақыйқатында да солай.

— Қарақалпақта Шахсәнем образын халық тек Мырзагүл Сапаева арқалы ғана таныйды, — дедим сүўретке алыўшыларға. — Егер бул сюжетти дус келген актриса менен сүўретке алатуғын болсақ, онда бул жоқтың күнинен жаратылған фильм болып қалады.

— Мырзагүл ҳеш жерде жоқ, телефоны өширилген...

— Оны өзим табаман, — дедим исендирип.

Сыртқа шығып, күйеўи Сарсенбай Узақбаевқа қоңыраў еттим.

— Мырзагүл районға кетти, бүгин болмайды, — деди ол.

— Бул дәлилинди еситтим, маған расын айт! Киноны үзилиске түсириўге ҳеш кимниң ҳақысы жоқ. Бул меники емес, қарақалпақ халқының киносы! — дедим оған қатал.

— Муратбай аға, расын айтсам Мырзагүл бүгин Қарақалпақстанда емес.

— Онда қаяқта?

— Кенимехлы қосықшы Нургүл Базарбаева келин түсирип той берип атырған екен...

— Маған Нургүлдиң телефонын бериң!

Нургүл ҳәммесинен хабардар екен.

— Мырзагүлди қоярда коймай мен алдырып едим, — деп кеширим сорады. — Бүгин түни менен Нөкиске жеткиземен.

Той десе ҳәмме нәрсени жыйнастырып кететуғын қосықшылардың усы бир әдетине ғәзебимиз келсе де, ашыўымызды ишке жуттық.

Солай етип, сүўретке алыў бир күнге тоқтатылды. Ертеңине Мырзагүл келди. Сахна жайнап кетти. Ақыры, бул спектакльде Ғәрипти Өмирбайсыз, Шахсәнемди Мырзагүлсиз көз алдына келтире алмайтуғын еди дә ҳеш ким.

Сүўретке алыў барысында бизиң қорыққанымыз Шамурат аға болды. Ол өзиниң аўырыўын умытып кетсе де, киношылар умытпады. Оның «Ғәрип-ашық» ойналып атырғанда сахнаға шығып кетип, оны жәлладлар найзасы менен кейин шегиндирип, нәтийжеде оркестр ямасына қулайтуғын жери ҳәммемизди ойландырды.

— Бул жерде Шамурат ағаны ямаға жыға алмаймыз, — деди Дәўран аға. — Қалай деген менен микроинсульт алғанында курттай

да болса ҳақыйқатлық бар шығар. Жумабай оны исеним менен ойнатып қойған болыўы мүмкин. Егер оны ямаға қулатсақ, мийине қан қуйылып, өлип кете ме, ким биледи!

Биргеликте ойласып, Шамурат ағаны «сизди ямадан қулатыўға көзимиз қыймай тур, сәл жерде бир жериңизге зақым келтирип алармыз» деп алдастырдық та, оның кийимин «Өзбекфильм»нен келген бир сахна исшисине кийиндирип, ямаға қулаттық. Ол «ўай, жамбасым» деп атыр, лекин, ҳеш кимниң оның менен иси жоқ, «бир дегенде кадр алынды, плёнка зая болмады» деген қуўаныш пенен съёмка даўам етип атыр.

Фильмниң ярымы сүўретке алып болынғаннан кейин биз мөлшерлеген 360 кадр 80 минутты толтыра алмайтуғыны мәлим болды.

— Кинонын мазмунын өзгертип жибермейтуғын етип бир сюжет жазып бериң, — деди Дәўран аға маған.

Мен сыйыр демлеп қалатуғын эпизодты жазып бердим. Балалық ўақтымызда сыйырларымыз ғөрекке демлеп қалып, талай мәрте аўзына ақ май қуйып, аўылды айландырып қуўып жүрген пайытларымыз бүгин дәртке жарады.

Лекин, сыйырды жатқызып қойып аўзына ақ май қуйыў, қарнын оқлаў менен ысқылаў жүдә қыйын болды. Ҳәмме жыйналып сыйырдың төрт аяғын басып отырды, арқасына еки-үш адам минди. Сыйырдың болса көзи аларып өкирер еди. Бир әмеллеп сүўретке алынды. Лекин, режиссёр ҳәм оператордың кеўли толмады. Бизинше болғандай еди.

— Шамурат аға ҳәмме ҳәрекетин қорқып иследи, — деди олар. — Бул кинода анық көринип қалады. Сыйырға уйқы дәри салыў керек.

Малдың уйқы дәриси басқа болады екен. Ол Нөкистен табылмай Ташкенттен алдырылды. Әне, соннан кейин Шамурат аға қорқпастан қәлегенинше ысқылай баслады. Сыйырдың көзин ашыўын дәриниң күши қайтаман дегенше күтип отырдық.

Фильм 27 күнде толық сүўретке алып болынды.

Декабрьде ҳәмме актёрлар Ташкентке шақыртылып, фильмге ҳаўаз бериў басланды. Автор сыпатында мен де бардым. Ҳәр бир сөздиң бузып айтылмаўы яки түсирип қалдырылмаўы ушын мениң қатнасыўым керек болған еди.

Ҳаўаз бериўге ойнаған актёрдан екеўи бармай қалды. Биреўи Мырзабай Өтемисов, екиншиси Мырзагүл Сапаева. Мырзабай аға ушын Өмирбай Қосымбетов даўысын өзгертип әмеллеген болды, лекин, Мырзагүл Сапаеваны ҳеш ким алмастыра алмады. Оның Ғәрипти

жәлладлар алып баратырғанда сахнаға шығып кеткен «Шамурат шеримшиге» көкиреги өксикке толып:

— Атажан, мен жыламай ким жыласын, енди Ғәрипти көриў несип ете ме, етпей ме? — деген образлы гәпин уқсатыў қыйын кешти.

Қолынан келгенинше Гүлсара Жуманиязова да, Лиза Ахымбетова да, Қаншайым Жийемуратова да урынып көрди, бирақ, олар өзи болды, Сапаева бола алмады.

Нөкисте болса Бердақ атындағы музыкалы театрдың 80 жыллығына күшли таярлық кетип атыр, театр директоры да, мәдeният министри де «Сапаеваны жиберип алың» деген өтинишиме «яқ»тан басқа жуўап айтпады. Ақыры, Министрлер Кеңеси баслығының орынбасарына қоңыраў еттим. Ол ўақытта Бегдулла Султанов еди.

— Мырзагүл Сапаеваны кешки самолёт пенен ушырып жиберсе, ертеңги түстеги рейске қайтыў билетин де әперсе, биз оны аэропорттан күтип аламыз. Мийманханаға жайластырамыз, самолётқа барыў-келиўге төлеген ақшасы, гонарары конвертке салыўлы таяр турады.

— Телефонды жаппай турың, — деди Бегдулла маған ҳәм жаңағы мен айтқан шараятты мәдeният министри Тамара Дәўлетмуратоваға түсиндирди ҳәм бүгиннен қалдырмай шөлкемлестириўин тапсырды. Кеште Мырзагүл ушып келди. Ертеңине бары-жоғы он бес минут ишинде өз ролине ҳаўаз берип, гонорарын ҳәм жол кирей ҳақысын алып қайтып кетти. Солай етип, фильмниң қарақалпақша варианты декабрь айының ақырына таяр болды. Бул 2002-жылы еди. Лекин, фильмниң изине 2003-жыл жазылды.

Себеби, биринши премьера жаңа жылға мөлшерленген еди.

***

Фильмниң биринши премьерасы 2003-жылы 1-февраль күни Нөкисте «Қарақалпақфильм» киностудиясында өтти. Киноны «Өзбеккино» мәмлекетлик акционерлик компаниясының Бас директоры Мурад Мухаммед Дост, «Өзбекфильм» киностудиясы директоры Юсуп Разиковлар алып келди.

Премьераға Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң сол ўақыттағы баслығы Турсынбай Тәңирбергенов, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң комитет баслығы Махсуд Ибрагимов, университет ҳәм институттың ректорлары, жазыўшы, журналистлер қатнасты. Фильмге ҳәмме риза болды. Шығып сөйлеўшилер «Өзбеккино» мәмлекетлик акционерлик компаниясының басшылығына үлкен миннетдаршылық билдирди ҳәм бул дәстүрди даўам етип, ҳәр жылы бир киноны қарақалпаққа бериўди соранды.

Кино бойынша пикир алысыўда Бердақ атындағы Қарақалпақ Мәмлекетлик университетиниң ректоры Қуўанышбай Өтениязов хәммениң кеўлинде турған бир пикирди ортаға таслады.

— «Танка» — бул қәтере деген, — деди ол. — Қәтере тек бизиң қарақалпақта бар деп ойламаң, ол хәтте Европада да бар. Мен демократпан, университетти айтты екен деп кеўлиме алмайман. Себеби, бул жерде тек жүз қәтереси бар. Бизиң халқымыздың көркем-өнер хызметкерлерине болған үлкен хүрмети көрсетилген. Бирақ, бир нәрсеге нарыйзаман. — Мырзабай Өтемисовтың даўысын пүткил республикада танымайтуғын адам жоқ. Неге оның орнына басқа биреў сөйлеп тур?

— Ол Ташкентке бара алмай қалды? — дедим мен жағдайды түсиндирмекши болып.

— Жумысым жоқ! — деди Қуўанышбай аға. — Маған Мырзабайдың өзиниң даўысы керек. Залда отырғанлардың хәммеси «дурыс айтылды» деп мақуллады. Мен мағлыўмат бергенди тоқтаттым.

Мырзабай Өтемисов неге Ташкентке бармай қалды? Бунын тек ғана мен билетуғын бир себеби бар еди.

Оған фильмнен кишкене бир эпизодлық роль берилди. Барыжоғы үш жерде ғана көринер еди ол. Сонда да Мырзабай аға биринши рет толық метражлы фильмге түсип атырғанына қатты қуўанды.

— Муратбай иним, бир қозы сойып жигитлерге шай берип жибережақпан, қалай көресең? — деди мени былайырақ шығарып.

— Мырзабай аға, асықпаң. Түсип бола бериң, әлбетте, бир қозы менен дастурхан питпейди, алатуғын гонорарыңыз оған арзыймаарзымайма...

— Сонда да, сизлер хеш гәп, елге келген мийманлардың хүрмети бар ғо.

— Түсип бола бериң, көрермиз.

Қулласы, оның шай бережақ нийетин кейинге қалдырдым. Себеби, төленетуғын гонорардың азлығын билер едим. Кейнинен өкпелеп қалыўынан қорқтым. Хақыйқатында да солай болды. Түсип болғаннан кейин сметада көрсетилген гонарарын алды. Әне, ол сонда қатты өкпеледи. Маған келип сырнықты.

— Аға, хеш қайсысы да мыйлығынан батып қалмайды. Киноға қаратылған пул жүдә аз, — деп түсиндирген болдым оған.

— Әй, сонда да, сақал-басымыз сарпыйып ойнайғойып едик. Маған ғой ол өмирлик азық болмайды.

Қулласы, оның фильмге хаўаз бериўге бармай қалыўына себеп, усы өкпеси еди. Оны ол хеш кимге айтпады.

Арадан еки-үш жыл өтти. Фильмди видеоға көшириў механизми пайда болды. Өзимиз монтаж столына ийе болдық. Сонда Мырзабай ағадан өзимиздиң студияда ҳаўаз бериўин бир неше мәрте өтиндим. Лекин, ол ҳәр нәрсени бахана етип, келмеди. Жасы үлкен бир өкпелесе қатты өкпелейди екен. Бир күн болмаса бир күн:

— Әй, сен бала қоймадың ғо, түссем-түсейин, — деп келиўинен үмидиўар болып жүргенимде, оның дүньядан өткени ҳаққында қайғылы хабар келди.

Ол еле басқа киноларға да түспекши еди, өзи ҳаққында китап жазыўымды, бул ушын Шоманайлы бизнесмен жигитлер спонсор болатуғынын айтып жүр еди. Бәри кеўлиндеги әрман болып өзи менен бирге кетти.

Фильмдеги эпизодлар «Сағал көпир»деги кишкене бир аўылда, «Қара терең» көлиниң жағасында, Нөкистеги «Элита» кафесинде, «Узақша көли» жағасында, Халқабадтағы «Ийшан қала» қорғанында ҳәм басқа да пайтахттан узақ болмаған орынларда сүўретке алынды.

Солай етип, «Танка» фильми экран жүзин көрди. Фильмниң сценарийи ушын Өзбекстан бойлап өткерилген таңлаўда екинши орын алды. Биринши ҳәм үшинши орын ҳеш кимге берилмеди.

2004-жылы усы фильм ушын мен, Төренияз Қәлимбетов ҳәм Дәўран Абдуллаев үшеўмиз Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықты алыўға миясар болдық.

Ҳәзир ҳәр сапары Ташкентке барғанымда таксистлер:

— Қаяқтансыз? — деп сорайды.

— Қарақалпақстаннанман! —деймен мен.

— Сизлерде бир әжайып фильм бар дә! — деп дәрҳал «Танка»ни тилге алады. — Сол шал тири ме?

— Яқ, дүньядан өтти.

— Қуда рахметлик қылсын! — деп жүзин сыйпайды.

Бундай сораў-жуўапқа тек мен емес, көплеген аўылласларымыз да дус келген шығар.

Бүгинги күнде миллетимиз мақтанышына айланған бул фильмниң жаратылыўының усындай кишигирим тарийхы бар еди. Бәлким, жылына бир неше онлаған фильм жарататуғын еллерде бундай ўақыялар әпиўайы бир ҳал шығар. Лекин, биз ушын бул таңсық жанр болғанлықтан, ондағы есте қаларлық ўақыялар тамашагөйлер ушын зәрүрдей сезилди. Гүррриңимизде «мен» сөзи көбирек ислетилгени ушын оқыўшыларымнан кеширим сорайман. Ақыры, өзим гүўасы болған ўақыяларды «мен»ди ислетпей, сизлерге қалай жеткиземен.

## ДӘСЛЕПКИ ҚӘДЕМ

«Танка»ның Республика басшылығының кеўлинен шығыўы сол жылы мартта «Қарақалпақфильм» киностудиясына директор болып тайынланыўыма себепши болды. Мениң алдымда, мен арқалы барлық киношылардың алдында бир ўазыйпа тур еди, ол — миллий көркем фильм жаратыўды буннан ары қарай жалғастырыў. Ўазыйпа анық. Ҳәммемиздиң де кеўлимизде миллий көркем фильм жаратыў сыяқлы мақтаныш сезими. Лекин, яр дегеннен буның ҳеш илажы болмады. Биреўдиң ислеп атырған исин сырттан гүзетсең ҳәммеси аңсат ғана питип атырған сыяқлы көринеди. Сол айтқандай, «Танка»ны «Өзбекфильм» киностудиясы сүўретке алып атырғанда бизиң нәзеримизде жүдә әпиўайы жумыс сыяқлы көринген еди. Салмақ анық өзимиздиң желкемизге түскенде «Монамахтың борки» басымызға аўырлық ететуғыны сезилип қалды. Буның баслы себеплериниң бири — кино түсириўде еле басланғыш тәжирийбемиздиң жоқлығы, қалаберди, студияның техникалық базаға ийе емеслиги еди.

Бахтымызға 2004-жылы 16-мартта кинематография тараўында басқарыўды жетилистириў ҳаққында Президентимиздиң пәрманы шықты. Пәрманға муўапық «Өзбеккино» мәмлекетлик акционерлик компаниясы Миллий агентликке айландырылды. Бюджет есабынан жылына 15 көркем фильм, 10 анимацион фильм, 20 атамадағы хәр бири еки бөлимнен ибарат ҳүжжетли фильм, 60 саатлық оқыў методикалық фильмлер жаратыў, сондай-ақ, студиялардың техникалық базасын жетилистириў ўазыйпалары белгилеп берилген еди. Бул ғамхорлық кино тараўында кескин бурылыс жасады. Ҳәмме студиялар қатары биз де техникалық базаға ийе болдық. Еки профессионал видеокамера, монтаж столы менен тәмийинлендик. Тематикалық режемиз кеңейди. Биз енди алдынғыдай жылына сегиз фильм менен шекленип қалмадық. Сол жылдың өзинде студияның өз күши менен 15 ҳүжжетли фильм сүўретке алынды. Келеси жылы бул көрсеткиш 18 ге, соңғы жылы 19 ға, 2007-жылға келип 23 фильмге жетти. Усы өткен бес жыл даўамында заманымыз қаҳарманларын сөз ететуғын ҳүжжетли фильмлер менен қатар халқымыздың салт-дәстүрлерине арналған «Ақсүйек», «Ҳәўжар», «Бет ашар», «Нама алыспақ», «Айтабақ», «Гештек», «Шөгирме» сыяқлы онлаған этнографиялық фильмлер жаратылды. Бул фильмлер халқымыз тәрепинен де, «Өзбеккино» Миллий агентлиги жанындағы көркемлик кеңеси тәрепинен де жоқары баҳаланды. Буннан тысқары, профессионал режиссёрымыз Төренияз

Қәлимбетовтың «Ат беги», «Қудық», «Пидайылар» фильмлери халық аралық кинофестивальларда қатнасып, сыйлы орынларды алып қайтты. Бир сөз бенен айтқанда биз кино ислеў бойынша белгили дәрежеде тәжирийбе топлай басладық. Операторлар Батырбек Дилмуратов, Әсенбай Асқаровлар өз кәсиплери бойынша әдеўир ысылып қалды. Тематикалық режемиздиң байыўы нәтийжесинде студияның экономикалық жағдайы да жақсыланды. Енди, көркем фильм жаратыўға биз толық таяр едик.

2008-жылы бәхәрде «Уры» фильминиң сценарийи жазып питкерилди. Оны студия жанындағы көркемлик кеңесиниң додалаўына усындық. Кеңес ағзалары Шарап Уснатдинов, Кеңесбай Каримов, Кеңесбай Реймов, Оразбай Әбдирахманов, Төренияз Қәлимбетов, Қуўанышбай Оразымбетов, Халила Дәўлетназаров, Бәўетдин Баймурзаевлар сценарийди үлкен қуўаныш пенен күтип алды хәм бир аўыздан мақуллады.

Сценарий «Өзбеккино» Миллий агентлиги жанындағы көркемлик кеңесинен де мүдирмей өтти. Лекин, онда киноның аты мәселесинде және бир мәрте ойлап көриў усыныс етилди. Оқып үйрениў ушын мәжилис протоколынан көширме менен бирге рецензияларды өзиме берип жиберди. Рецензиялар «Уры»ның дәслепки «Қарақшы» деген атына қайыл емес еди.

Фильмди сүўретке алыўдан алдын усы мәселеде қайтадан ойласық қылдық.

— Ҳақыйқатында да, уры менен қарақшының парқы аспан менен жер шелли, — деди Бәўетдин. — Уры – бул қорқақ, қараңғыда ҳәрекет ететуғын жарғанатқа мегзейди. Ал, қарақшы болса — берсең қолыңнан, бермесең жолыңнан тартып алатуғын ержүрек адамлар. Олар ҳеш кимнен айбынбайды, керек десең өзиниң қарақшылығын мақтаныш етеди де!

Бәўетдин ҳақ еди. Мен «Қарақшы» деген атты титрды оқығаннан тамашагөйди өзине тартып турыў ушын таңлаған едим. Қайтадан ой жуўыртып көрсем, фильмниң бас қаҳарманы Ербай бул образға улыўма туўры келмес екен. Солай етип, «Қарақшы» «Уры» ға өзгерди.

Рольлерди таңлаў бойынша фильм режиссёрлары Бектилеў Нызаматдинов, Бәўетдин Баймурзаев үшеўмиз отырып келисип алдық. Мен автор сыпатында бир-бири менен келиспей жүретуғын еки қоңсыға Базарбай Назарымбетов пенен Қурбан Қаландаровты, «таўыстың гөшин жеп зәҳәрленип қалатуғын» еки ҳаялға Жумагүл Сағындықова менен Клара Шамуратоваларды көз алдыма келтирип жазғанымды



«Қайсар» фильминен көринис.



«Курорт» фильминен көринис.



«Танк» фильминен көринис. Актер Мырзабай Өтемисов.
Нөкис—2002-ж.



«Өмирдиң үш пасылы» фильминен актер Өмирбай Қосымбетов.



«Маргия» фильминде Өзбекстан халық артисти Еркин Камилов.



Шазада Матжанова «Маргия» фильминде.



«Қарақалпақстанда өзбек миллий киносы күнлери». Шымбай—2011-ж.
Солдан оңға қарай киносценарист Гафур Шермухаммед, халық артисти Байрам Мәтжанов, жазыўшы Муратбай Нызанов.



«Уры» фильмин сүўретке алыў пайытынан көринис. 2008-ж.



«Өзбек Миллий киносы күнлери». Самарқанд. 2005-ж.
Өзбекстан халық артисти Хусан Шарипов пенен Муратбай Нызанов.



Қарақалпақстанда «Өзбек Миллий киносы күнлери». Нөкис—2011-ж. Солдан оңға қарай Совет Турымбаев, киноактриса Диларам Эгамбердиева, киносценарист Муратбай Нызанов, жас қосықшы Бегис Темирбаев.



Аида Юнусова «Маргия» фильминде.



Нәўбеттеги сүўретке алыў алдынан ойласық. Режиссер Баўетдин Баймурзаев, оператор Әсенбай Аскаров.



«Өзбек Миллий киносы күнлери». Самарканд. Регистан майданы. 2005-ж.



«Өмирдиң үш пасылы» фильмине сол дәўирдиң автомобильлерин жыйнаў пайыты. Нөкис-2011-ж.



«Қорған» фильминен көринис.

айттым. Қалған рольлерге ким таңланатуғыны мен тәрептен ашық қалдырылған еди.

— Көше бийиниң ролине кимди мақул көресиз? — деп сорады Бектилеў.

— Ҳәзирше ҳеш ким. Тири болғанда Мырзабай Өтемисов қатып кетер еди.

— Усы рольге Байрам Матчановты тартып көрсек қалай болады?

— Ол қосықшы емес пе?

— Зыяны жоқ, киноактёрға айландырамыз.

Еки қоңсы жөнинде Бәўетдин өз пикирин билдирди.

— Мениңше қоңсылардың биреўине Жигербай Әбдимов мақулырақ, — деди ол. — Узынлы-келтели болып тап Санчо-Панчоның өзи болады.

Бас қаҳарман Ербайға Қурбанбай Қаландаровты таңладық.

Еки шаруа қазақ ролине Жарылқаған Жуманов пенен Ырза Айбатов мақул түсти. Басқа эпизодлық рольлерди керек ўақтында таңлап ала бердик.

Солай етип, сүўретке алыў басланды. Биринши қәдем! Биринши кадр! Ҳәммемиздиң кеўлимизде тәшўиш! Бул ақыры, сынақ ушын берилген фильм еди бизге! Егер усында исенимди ақлай алмасақ, екинши мәрте көркем фильм ҳаққында гәп қозғаўымыздың өзи биймәни. Соның ушын бар ықласымыз фильмниң уялмастай болып шығыўында болды.

Биринши сүўретке алыў түйениң гешир ураға ойылыўы менен басланыўы керек. Түйе таяр. Ура таяр. Лекин, «арбаны жүкке, я жүкти арбаға апара алмады» дегендей, ҳәммемиз жыйналып түйени ураға апара алмадық. Жақынласақ бизге аўзын көпиртеди. Ҳәммемиз кейин шегинемиз. Арқанның ушынан үш метр жерден услап тартамыз, туў анаяқтан турып киш-кишлеймиз. Түйе дәрпенсе сирә! Ақыры, кешке дейин урыныўларымыз босқа кетти.

Ертеңине түйе сойып жүрген еки қассап жигитти тауып келдик. Ҳайўан болса да кимнен қорқыўды биледи екен. Олар түйениң буйдасынан тартты да, ап-аңсат салмаға түсирди. Тар жерге кепленип қалған түйе өкирип бақырар еди. Мен жүрегим шыдамай үйге қайтып кеттим. Жол бойы өзиме-өзим кейидим. «Түйе» қәлем ушында ап-аңсат ғана жазыла салған менен, ол жанлы жаныўар екен ғой. Жаңа ғана бир жастан өтип жүрген боталақ еди ол. Мен көз-көреки оның обалына қалғаным ушын өзимди-өзим айыпладым.

Түсликтен келсем, қашшан териден шығарып болыпты.

— Түйениң даўысын қалай жазып аламыз деп жүрсек, өзи хаўазға түсип берди, — деди қуўанып Батырбек.

Мен еле бағанағы тәсирде жүргенликтен, оған қуўанбадым да, кеўлимде түйениң даўысын жазып алыў тәшўиши де жоқ еди.

— Бағана еки қассап жигит келип кетти, — деди кимдур сол жерде.

— Неге?

— Арзангиреў берсеңиз, түйениң гөшин көтере сатып алмақшы екен.

— Гөш сатылмайды! — дедим жигитлерге. — Усы кино деп ат салысып атырғанлардың һәммесине жеткенине қарай үлестирип беремиз.

Сол жерде «қуралпа қуры тарқамасын» деп баўырын қуўырыўға бердик. «Деңгенениң үлкенин түйе сойғанда көресең» деп халық бийкар айтпаған екен. Отызлаған адам жас боталақтың баўырын жеп таўыса алмады.

Бир жаныўардың жанына жәбир болды демесек, съёмка жақсы өткен еди.

Басқа студиялар қандай жол тутатуғынын билмедим, лекин, биз ең қыйын эпизодларды түсирип алыўды режелестирип қойдық.

Ендиги қыйын эпизодлардың бири — «Ербайдың үйиниң иши менен қырылып қалыпты» деген ғаўасат пенен кеште көше адамларының даўыс шығарып келетуғын жери еди. Буны қалай сүўретке аламыз? Қәйерде? Кимниң үйинде? Неше миллион бергенде ким үйин берип турар дейсең! Бар қыялымыз сценарийди көркемлик кеңесинен өткерип алыў менен бәнт болып, оны қалай сүўретке алыў ҳаққында ойламаған екенбиз. Әне, енди телпекти ортаға қойып, бас қатыратуғын ўақыт жетти. Күн ойландық, түн ойландық, лекин, ҳеш кимнен ижараға үй сораўға батылымыз бармады. Бул ырымға да жақсы емес еди. Ең ақырында көшип кеткен гөне журт излеп, районба-район гездик. Табылмады. Табылғанлары бизиң дийдимизге туўра келмеди. Қәйткенде де бул эпизодты түсирип қалдырыўымыз мүмкин емес еди.

Шынтлап ойлансаң, ҳәр нәрсениң илажын табыўға болады екен. Студияның ҳәўлисинде бөлек салынған гаражымыз бар еди. Гараждың дәрўазасын иштен-сырттан ДБП панер менен қаплап, еки-үш қайтара ҳәкледик. Арқа қапталынан есик ашып, қапы курдық. Ишин ДСП материал менен полладық ҳәм және бир дийўал соғып, есик аштық. Қарап турсақ, әп-әнедей еки бөлме жай таяр болды. Ҳәўли адам отырған үйге усаў ушын шатанақтан қора иследик, қапталға жаз отырар тапшан қойдық. Енди оны үй емес деп ҳеш ким айта алмас еди.

Геўгим түсе сүўретке алыў басланды. Балтанияз Қайыпов баслаған бир топар көше жигитлери бүйирин таянып «ўай-ўай» салып киятыр.

Студияның қасындағы көше турғынлары үйлеринен жуўыра-жуўыра шықты. Олар бир заман қарап турды да, кино түсирилип атырғанын көргеннен кейин кеўиллерин жәмлеп үйлерине кирди. Түн ярымында съёмка аяқланды. Қайта-қайта тәкирарлап «даўыс шығарыў»дан жигитлердиң даўысы да қарлығайын деди. Қуўанышлысы — ең аўыр эпизод сүўретке алынып болынған еди. Хәммемиздиң желкемизден бир аўыр жүк ысырылып түскендей болды.

Ендиги эпизод Жумагүл Сағындыкова менен Клара Шамуратованың «таўыс гөшинен зәҳәрлениўи». Бул эпизодты қосыўымның бир себеби болды.

Еки мыңыншы жыллары телевизорды каналдан-каналға аўмастырып атырып, түркменлердиң «Мийрас» каналына түсип қалдым. Сонда музыкасыз, қосық айтып турған төрт ҳаял бирден мениң дыққатымды тартты. Олар айтып атырған қосықтың намасы қарақалпақша еди. Өткен әсирдиң сексениншы жылларына дейин радиода берилип тутатуғын ҳаял-қызлар ансамблиниң атқарыўындағы «Қоңырат» намасы еди бул қосық.

Есиңизде болса керек:

Мерўерт суўлы алтын көлдиң ҳаўасы,
Хәр бир дәртке дәрман еди Қоңырат,
Қарақалпақта қалалардың ағасы,
Көрмегенге әрман еди Қоңырат.

Ибрайым Юсупов сөзи менен айтылатуғын бул қосық миллий ырғақларға бай, тыңлағанда қулаққа жағымлы, кеўилинди миллийлик ҳәм туўылған жер сезими менен толқынландырып жиберетуғын нама еди ол! Енди усы наманы түркмен ҳаяллары өз сөзлерине салып атқарып тур. Ертең бир күн оның «түркмен халық намасы» болып кетпесине ким кепил!

Ташаўыз областының биз бенен шегаралас районлары қарақалпақ телевидениесин көрип, радиосын тыңлайтуғынын биз бурыннан билемиз. Хәтте оны мақтаныш ететуғын да едик. Лекин, оның екинши — зыянлы таманлары қыялымызға келмепти.

Усы наманы қайта тирилтиў ҳәм жасларымыздың санасына сиңдириў ушын жазылған еди бул эпизод. Хаялларға ылайықлап, халық қосықларының усылында үш куплет қосық жаздым. «Таўыстың гөшинен зәҳәрленип қалыўдан» қорққан еки ҳаял, қәдимги ҳаяллардың әдетине тән, йошып кетип:

— Әй, қудайдың қәлегени болады! Аўырыў өле ме, саў өле ме? Өширши ана радионды. Қаяқтағы бәлени табады екен! Тап өзим сол артислериңнен жақсы айтаман! — деп Жумагүл баслап, Клара хошлап дәсме-дәске айтар еди бул қосықты.

Жумагүл: — Ақ алманы суўға салсам батпайды,
Бизиң ярлар кроватта жатпайды,
Сәўер ярым ҳәптеде бир келмесе,
Пал болса да ишкен асым батпайды.
Пал болса да ишкен асым батпайды-ы-ы!.

Клара: — Ақ көйлек кийесең атызға, шелге,
Ағарып жүресең аўылда, елде,
Өзге ярлар көзлериме көринбес,
Мениң ярым ҳәмме ярлардан өзге!
Мениң ярым ҳәмме ярлардан өзге-е-е!

Екеўи: Салманың бойында қатара жийде,
Жийдениң мазасы пал-шекер дейди,
Ийт даўысы сембей кетейин ярым,
Ел жатқан соң қалай киремен үйге!
Ел жатқан соң қалай киремен үйге-е-е!

Еки актриса да қосықшы емес еди. Сонда да жақсы атқарды. Қәдимги ҳаяллардың отырыспасына тән әдет пенен бир-бирине «хә, йо-ош» деп хошамет берип қояр еди.

Фильмди түсириў пайытында булардан басқа да есте қаларлық ўақыялар көп болды. Бизиң бир кемшилигимиз — киноға жиберилемейтуғын, қызықлы кадрларды сүўретке алып қойыўды ескермеппиз. Болмаса, Бегежан ролин атқарып атырған актёр Ырза Айбатовты Ербайдың бузаўлы сыйыры аттан ер-пери менен жулып алып сүйреп баратырғанлары бүгинги күни жүдә күлкили ўақыя болар еди. Ырза сол сыйыр сүйреп кеткеннен кейин бир ҳәптеге дейин укол алып жүрди. Лекин, съёмканы үзилиске түсирмеди.

Қайсы фильм жаратыўда болса да мен халқыма миннетдарман. Кино түсириў ушын зәрүр болған жағдайда биз таныған-танымаған үйлерге туўра кирип барар едик. Олар кимлигимизге қарамастан бизге шын кеўлинен жәрдем берди. Усы кинода массовка (көпшилик) ролин Әмиўдәрьяның көпириниң аўзындағы «Шадлы аўыл» турғынлары ойнады. Олар фильмдеги Наўрыз байрамы эпизоды ушын еки саатқа

дейин үйлерине кетпей отырды. Сол күни жақында ғана «Ниҳол» сыйлығын алған жас қосықшы Рашид Хожасов күн даўамында киноға хызмет етти. Еки қоңсының бири «ериги бизиң атызға қарай өсип кетипти» деп өзи турған шақаны кесетуғын жеринде ерик шақасы Қәдирбай аға деген жасы үлкенниң мийўалап турған жемис ағашы еди.

— Кино ушын зәрүр болса, кесе бериңлер, — деди ол кең пейиллик етип.

Ербай көшип баратырған эпизодта Бердақ кинотеатрында ислейтуғын Рустем деген инимиздиң қой-ешкилерин прицепке тийеп, үйиндеги бар көрпе-төсегин тележкаға артып, бир мезгил даўамында анда-мында тасып жүрдик. Қабақ шытпады.

Қайта:

— Себеп пенен бизиң қой-ешкилер тарийхта қалатуғын болды, — деп ҳәзил етип қояр еди ол.

Қулласы, бул кинода дөретиўши топардан басқа жәмийетшиликтиң көп үлеси болды. Мен бүгин оларға барлық дөретиўшилер атынан миннетдаршылық билдиргим келеди.

Солай етип, өз күшимиз бенен жаратылған биринши фильм таяр болды. Биз оны студия жанындағы көркемлик кеңесиниң көрип шығыўына усындық. Кеңес ағзалары бизди шын жүректен қутлықлап, ҳеш қандай ескертиўлерсиз қабыл етти. «Өзбеккино» Миллий агентлиги жанындағы көркемлик кеңесте айырым қарама-қарсы пикирлер жүзеге келди. Бул пикирлер «таўыс гөшинен зәҳәрлениўден сақланыў ушын» арақ ишип көрген ҳаяллар мәселесинде еди.

— Ҳаял адамлардың кеса қағыстырып отырғаны сәл ерси көринеди, — деди ол жерде.

Мен бираз өжетлик еттим.

— Олар мәслик ушын емес, профилактика ушын ишип атыр.

— Сонда да... Бәрибир буны ертең экранда көрсете алмаўыңыз мүмкин. Биз мейли, қабыл етейик. Лекин, өзлериңиз таманда да және бир ойласық етип көриңлер.

Киноға көзқарас ҳәмме жерде де бирдей. Жоқарыдағы пикирлер өзимизде де қайталанды. «Қалай деген менен бул кино. Ертеңги күни интернетке шығып кетиўи мүмкин. Сонда қарақалпақ ҳаяллары дәшип арақ ишип отырса... Бул бизиң миллетимизге абырай әпермеслиги аян. Жақсысы усы жерин алып таслаған мақул болатуғын шығар»

Ескертиўлерди қабыл алдық. Қосық айтып йошып отырған жери алып тасланды. Мен ишимнен қыйналдым, қосыққа жаным ашыды.

Булай боларын алдын ойлап көргенимде қосықты басқа бир эпизодтаақ айттырыўым мүмкин еди. Енди ол ушын жаңа эпизод қосыў таза кийимге гөне жамаў басқандай әбешийй көринер еди. Соның ушын бул қосықтың бәҳринен кештик.

Кешикпей студияда фильмниң биринши премьерасы болды.

— Мен бул фильмди еки мәрте көрдим, дәслеп көркемлик кеңес ағзасы сыпатында қабыл етерде, соң мине, сизлер менен биргеликте. Фильмнен ҳеш қандай кемшилик таппадым.

— Фильм Гайдайдың стилинде жаратылған. Жигитлерди кутлықлайман.

— Бул әпиўайы бир комедия емес, онда бизиң миллий менталитетимизге тән мешит-қәўимниң аўызбиршилиги, әсиресе, мәҳәлле ақсақалының роли айқын ашып берилген. Мәҳәлле — мәмлекеттиң таянышы. Бүгинги күнниң талабы да соннан ибарат. Кино усы көзқарастан да сәтли шыққан.

Бул пикирлерди айтқанлар республикамыздың басшы лаўазымларында ислеген ҳүрметли ақсақаллар еди. Олардың атларын көрсетип өтиўди мақул таппадым.

Бәҳәрге салым кино «Қарақалпақстан» телеканалынан көрсетилди. Әне, соннан кейин «Уры» аўыздан-аўызға өтти.

— Қашан тәкирарлап көрсетеди?

— Биз көрмей қалдық, телевидениеден сорап бериң, — деген телефон қоңыраўлары үзликсиз келер еди.

Актёрлар Базарбай Назарымбетов, Жигербай Әбдимов, Қурбан Қаландаров, Жумагүл Сағындыкова, Клара Шамуратова, Жарылқаған Жуманов, Ырза Айбатовлар тез-тезден ушырасыўларға мирәт етилип, радио-телевидениеге интервью бериўден қоллары босамай қалды. Нөкис FM радиосы олар менен еки саатлап сәўбет өткерди.

Бул кадр артында турған дөретиўши топарға жаңа күш жигер, жаңа илҳам-йош бағышлады. Биз нәўбеттеги көркем фильмниң тәшўиши менен жасай басладық.

## «КУРОРТ»

«Уры»ның қуўанышы менен премьерадан соң Ташкентке дем алысқа кеттим. Бул ўақытлары кино телевизордан берилмеген, улыўма жәмийетшиликке усынылмаған еди. Сонлықтан ба, дем алысқа барған күннен баслап-ақ кеўлим алағада болды. Үй беттен келген қоңыраўдан шоршып түсер едим. Кимлергедур жақпай қалыўынан қорқтым. Айтқанымдай, үш-төрт күннен кейин аўылдан нахош хабар келди. Фильмниң биринши варианты видеоурлық (пиратство) жолы менен базарға шығып кетипти. Бул ҳайран қаларлық жағдай еди. Биз биринши варианттың оригиналын да қалдырмай өширип жибергенбиз. Қалайынша ол базарға шықты? Ол пайытлары флешкаға көшириў де жоқ еди. Монтаж ханасына болса бийруқсат ҳеш ким кирмеген. Бир гүманым — оны биринши мәрте көрип шығыў ушын онлаған дискаға жаздырғанбыз. Усы дискалардың биринен көширме шығып кеткен болса итимал. Лекин, видеоурлық жолы менен дисканың өмири узақ болмайды. Көширмеден-көширме болғаннан кейин ол көрсетип турып тоқтап қалады, бирде сести шықпайды, бирде улыўма экран тас-түнек болып қалады, қулласы, бир-еки мәртеден кейин улыўма жарамсыз ҳалға келеди. Сонда да: сен өзиң базарға сатқансаң, деген айыплаўдан қорқып жүрдим ҳәм дем алыстан шақырып ала ма деген гүдик кеўлимнен кетпеди. Бахтыма олай болмады. Студияға қоңыраў етип, кейинги, қабыл етилген вариантты телевидениеден берип жибериўди тапсырдым. Кешикпей қуўанышлы хабарлар келе баслады. Ҳәмменин аўзында «Уры» емиш. Той-мерекелерде барғаннан қайтқанға шекем кино ҳаққында гәп болар, биринши миллий фильм менен журтшылық бирин-бири қутлықлап атыр екен. Бул хабарларды еситип, төбем көкке жетти. «Шақырып алады» деген қорқыныш қыялымнан шықты. Ҳақыйқатында да олай ойлаўыма тийкар бар еди. Соннан бес-алты жыл бурын мен еки рет курорттан қыстаўлы түрде қайтып барып, еки күннен айланып келгенмен. Биришисинде, айырым мәселелерге айдынлық киргизиў мақсетинде баслықтың шақырыўы менен, екиншисинде нотариустың ҳүжжетлерине қол қойып кетиў ушын. Егер усы рет те шақыртылсам, бул үшиншиси болады. Дәслебинде кеўлиме ғулғула салған бул қорқыныш, кейин ала «Курорт» фильминиң жазылыўына түртки болды. Егер усындай жағдайды бурын сыртқа шығып көрмеген, әпиўайы, сада бир дийқан образы арқалы берсем, қызықлы комедия шықпас па еди деген ой пайда болды менде. Бул идея күн өткен сайын раўажлана берди. Әлбетте, курортқа қуры барып-қайта берген менен фильм болмайды. Комедия тек «бир баў пишен

ўа-ҳа-ҳа, қамыт-күшен ўа-ҳа-ҳа»ға қурылмаўы керек. Күлки астына бекитилген белгили бир мақсет болыўы тийис. Тәрбиялық әҳмийети болыўы керек оның. Мен ойлап-ойлап, өмиринше колхоздың жумысы, үй мөлдеги, улын үйлендириў, қызын турмысқа шығарыў, қуда шақырыў, балларына бөлек-бөлек жай салып бериў тәшўиши менен жасап, ҳәтте, «күйик-көпир»ди де көрмей өтип кететуғын әпиўайы аўыл адамларының бирин таңладым. Сондай адам ҳақыйқатында да бар ма, деп өзиме-өзим саўал қойдым. Бар еди ондай адамлар.

Алпысыншы жыллары бизиң аўылда Қутлымурат деген адам Қәллибек деген рус тили муғаллими менен Москваға барады. Бурын самолётқа минип көрмеген Қутлымурат үш адамлық орынлықтың биринде өзи отырып, бирине сумкасын қойып, қулласы, пүткил бир қатарды ийелеп алады. Қәллибек болса басқа қатарда отырады.

Бир ўақытта бир орыс киси келип Қутлымуратқа: — Чуть-чуть подвинись, — дейди.

Қутлымурат орыстың бетине тигилип, ҳайран қалады, соң көзи менен Қәллибекти излейди.

— Ҳәй, Қәллибек, мына орыс пенен сөйлесип көрсең-о, мениң шүйит екенимди қаяқтан еситти екен? — деп оны жанына шақырады.

Бул болған ўақыя елеге дейин халық аўзында анекдот болып айтылып жүр. Сол сыяқлы, мен туўылып өскен Ақтуба бойларында 300 ге жақын хожалық бар. Сол хожалықлардан курорт-санаторияларда дем алғанлар бармақ бүгип санаўлы дәрежеде екени анық. Басқалардың кеўлине келмеўи ушын өзимниң аўылымды мысалға алып атырман. Лекин, бундай мысаллар көп. Фильм арқалы мен оларға: «көзиңизди ашың, сиз де журт қатары инсансыз, өмирге бир мәрте келесиз, өз өмириңизде тек қара мийнет емес, сол мийнетлериңниң рәҳәтин де көриң, күш-ғайратыңыз барда журт көриң, ел таныц, сана-сезимиңизди өсириң» демекши болдым.

Енди жазылажақ фильмге бас қаҳарман ролин ойнайтуғын актёрды көз алдыма келтире басладым. Биринши қыялыма келген актёр Қурбан Қаландаров еди. Оның көзлери, елеўреп қарап турыўлары сада адамға уқсайды. Лекин, көзиниң тереңинде екинши бир образды да көргендей болдым. Ол көзлер садалықтан көре, тегинликте кисиден алдана бермейтуғын қарасларға уқсар еди. Екинши актёрды излеп көриўге мәжбүр болдым. Бирден қыялыма сап ете қалған екинши актёр Қуўатбай Дәнияров еди. Оның апалақлап, аларған көзлери, аўзын ашып, аңқайып гәп тыңлап турыўлары нағыз сада, ақ көкирек, кеўлинде гирбиң жоқ аўыл адамларын көз алдыма келтирди. Болмаса

ол да аңқаў емес, нағыз аңқаў кескир жигит болды. Оның қылықлары журт аўзында анекдот болып та кеткен.

Айырым анекдотларды дыққатыңызға усынбақшыман.

Қуўатбай студент ўақытлары да, питкерип келгеннен кейин де таныс жора-жолдасларынан тез-тез пул қарыз алып, бирақ оны бир неше айлап қайтара алмай жүреди екен.

Бир күни жораларының бири оны көшеде ушыратып қалып:

— Қуўатбай жора, баяғы қарызды бермейсең бе? — деп сорап қалыпты.

— Не қарыз?

— Ҳаў, баяғыда алдың ғо, бир-еки күннен қайтараман дедиң...

— Қойып тур, қойып тур, — Қуўатбай қалтасынан блокнотын алып, оннан бармағы менен жоқарыдан төмен қарай жорасының атын излей баслапты. — Ҳе-ҳе, мине бар екен, алған екенмен.

— Алған болсаң қайтар.

— Сениң дениң саў ма жора, дизимге қарасаң, мине, отыз сегизинши болып турыпсаң. Сениң алдыңдағы отыз жети адам не, адам емес пе? Адам дегенде инсап болыў керек. Гезегиң келсин, беремен!

Жорасы қолын бир сермеп кетип баратыр екен, изинен шақырыпты.

— Берман кел. Бар болса бес-алты мың берип тур, гезегиңди алдырақҡа жылыстырып қояман.

Ол алған қарызын бермейтуғын, арсыз киси емес, тек жеткизе алмай жүретуғын болса керек. Оның жүрис-турысы, сөйлеген сөзлериниң өзи турған-питкени комедия еди.

Дем алыстан келиўден Қуўатты изледим. «Жолы болған жигиттиң, жеңгеси шығар алдынан» дегендей, бир күни студияға өзи келип тур.

— Саған бир гәп бар, — дедим оны шетке алып, — Сени бас қаҳарман етип, бир фильм жазажақпан.

— Ҳаў, рахмет аға!

— Рахметти кейин айтасаң. Бир шәртим бар — егер бас қаҳарман болып ойнаўды қәлесең, үш ай даўамында ашсам алақанымда, жумсам жудырығымда болыўың керек.

— Боламан аға!

— Йошып кетпейсең бе?

— Яқ.

Оның арасында он-он бес күн йошып кетип, жумысқа да көринбей кететуғын жағдайы бар еди. Соны есине салып қойдым.

— Сүўретке алыў ўақтында «театр жибермей қалды» деп жүрме тағы!

— Жибермей атырса сорап аласаң ғо. Сирә мен қурақум абырайың бар шығар, — деп изин ҳәзилге алды.

Солай етип, сценарий жазыўға киристим. Еки ҳәптелик дем алыста қыялымда писип келген сюжетлер көп ўақыт талап етпеди. Арғы басы он-он бес күнде сценарий таяр болды. Студия жанындағы ҳәм «Өзбеккино» Миллий агентлиги жанындағы көркемлик кеңеслерден өткериўге бир ярым айдан асламырақ ўақыт кетти.

Актёр таңлаўды режиссёр Бектилеў Нызаматдинов пенен бирге өткердик. Әсенбай Асқаров оператор болып бекитилди. Буяғына фильмниң қалай сүўретке алынғаны хаққында айтып отырмайман.

Фильм премьерада қызғын қол шаппатлаўлар менен күтип алынды. Ҳәр бир кино дөретиўши ортаға шақырылғанда зал дүрлетип қол шаппатлады. Ең соңында Қуўатбай Дәнияров сахнаға шыққанда көп ўақытқа дейин қол шаппатлаўлар басылмады. Қуўатбай данқ-ҳүрметтиң ең бийик шыңына шыққан еди. Биз қасында жүрип, бирgeликте сүўретке алсақ та, фильм таяр болғанда оған қатты ҳәўесимиз келди. Бул күн (анық сәнесин жазып алмаппан) 2009-жыл жаз айларының бири, ҳәптениң жума күни еди. Қуўатбай шексиз мақтаўларға көмилип залдан шықты. Әттең... Сол «әттең» Қуўатбай Дәнияровты бизиң арамыздан ерте алып кетти. Премьерадан еки күн өтип «Қуўат қайтыс болыпты» деген қайғылы хабар келди. Жәмийетшилик оған миннетдаршылық билдирип үлгере алмай қалды. Ол «Курорт»тың гәштин сүре алмады.

Арадан бир-еки ай өтип, усы фильм бойынша қатар ушырасыўлар болды. Дәслеп фильм тамашагөйлер нәзерине усынылды. Соңынан ойнаған актёрлар Мырзагүл Сапаева, Клара Шамуратова, Өмирбай Қосымбетов, Ырза Айбатовлар сахнаға шықты. Олардың қатарында Қуўат жоқ еди. Бирге ойнаған актёрлар оны тамашагөйлер алдында жылап турып еске алды.

Фильм кешикпей телевидениеден берилди. Өз күшимиз бенен сүўретке алынған екинши кино экранға шықты. Тамашагөйлер енди бизден избе-из таза кинолар күте баслады. Соның менен бирге бираз сын пикирлер де пайда болды.

— Қарақалпақты жүдә сада көрсетип жиберген, — деген пикирлер жийи-жийи жетип келди.

Мен бирақ, ол пикирлерге жүдә итибар бермедим. Өзиме-жүзиме айтқанларға да ақланып отырмадым. Ақыры, Қуўаттың қасында қанша қарақалпақ бар, олардың бәри сада емес ғой. Қала берди, бас қаҳарманның хақ кеўли, нәресте қәлбиндей тазалығын, курортқа бир мәрте барып келгенниң өзинде дүньяға жанаша көзқарас қәлиплескенин, жасаў тәризин пүткиллей өзгертиўге бет бурғанын өзлери түсинип жетпесе, қай бирине аўызша түсиндирип шығаман.

Бир күни бензоколонкада нәўбетте турсам жасы бизлер қатары, зиялыларша кийинген бир киси қасыма келди. Қарақалпақша кино шығарып атырғанымызға рахмет айтты.

— Лекин, соңғы фильмлериңиз сәл босасып кетти, — деди ол.

— Мәселен, қайсы?

— Курорт. Биз оншелли сада емеспиз ғо. Мәселен, автобустың номерин айтып жибериў ушын жерге түсип көриўи шәрт пе? Оны шофёрдың өзи-ақ айтады ғо.

— Егер шофёрдың өзинен сорап билип алса күлерме едиңиз?

— Яқ.

— Әнекей! Турмыстағы ҳәдийсени дәлме-дәл көрсетиў — бул комедия емес, мәзи драма болады. Әдебиятта гипербола деген усыл бар, айта берейин бе?

— Айта бер, айта бер, еле гезегимиз жақынлаған жоқ.

— Бул — турмыстағы ҳәдийсени барынша бөрттирип көрсетиў. Мәселен, «Кавказ тутқыны» фильмин көрдиңиз бе?

— Көрдим.

— Ҳеш ерси жери жоқ па?

— Яқ. Сезбедим.

— Сиз сезбесеңиз мен айтып берейин, Нинаны урлап қапшыққа салып, машынға мингизип атырғанда мотоцикл менен участкалық инспектор келип қалады. Вициннниң қорққанынан басы 180 градусқа, арқасына айланып кетеди, соған исендиңиз бе? Ямаса, ырсылдаған семиз Моргунов жүрип баратырған холодильник машинаға жетип алып, өзи миниўи мүмкин бе еди? Усы Моргуновқа торт соғатуғын шприц пенен укол салып, шприцти жамбасына аяғын тиреп тартып алғанына исенесиз бе?

— Ол енди комедия ғой, — деди сәўбетлесим.

— «Курорт»ше, комедия емес пе? Яқшы, русларда Вицинди «великий трус», яғный, «уллы қорқақ» деп мақтаныш пенен тилге алады. Лекин, оның менен ҳеш ким рус халқын қорқақ демейди ғо. Бир Қуўаттың комедиялық ҳәрекети менен қарақалпақты сада деп айтағояр ма екен басқалар?

— Айда, алдындағы машын қозғалды, — деп сәўбетлесим өз машинасына қарай кетти. Мен қызыңқырап кетип қаттырақ айтып жибергенимди аңладым.

Жақсы болсын-жаман болсын, «Курорт» миллий киномыздың алтын ғәзийнесине айланды. Қуўатбай Дәнияров усы роли менен өзине мәңги естелик орнатып кетти.

## «ӨМИРДИҢ ҮШ ПАСЫЛЫ»

Бул фильмниң сценарийи еки-үш жыл студияның папкасында жатып қалды. Мен Ещанкөрди көркемлик кеңес ағзаларына мойынлата алмай көп қыйналдым.

— Оған қарағанда Жапақ бақсының мийнети көп. Ол бақсы ҳәм композитор болды, — деди биразлар.

— Әпиўайы бақсы ҳаққында көркем фильм жаратыў шәрт пе? — деўшилер де табылды.

Мине, усындай қарама-қарсы пикирлер бул фильмниң шығыўына көп тосық болды. Лекин, мениң нәзеримде Ещан бақсының орны өз алдына еди. Ол Ақымбет бақсыдан киятырған жолды бүгинги бақсыларға жеткерип берген бирден-бир бақсы еди. Бақсылар шежиресинде Ақымбеттен-Муўса, Муўсадан-Шерназар, Шерназардан-Ещан, Ещаннан-Өтен ҳәм оннан кейинги бақсылар көрсетилген. Егер Ещаннан 6 қосық радиоға жазылып, мийрас болып қалмағанда Муўса жолы толық умытылып яки ҳәр түрли муқамда бузылып жетип келген болар еди.

Халық аўзында Қурбанияз бақсы Ещаннан алық болған деген гәплер де бар. Егер ол ҳақыйқат болса онда Ещан ҳаққында кино түсириўдиң кереги жоқ. Бул гәптиң ҳақ-наҳақлығын анықлаў ушын көп адамларға ушырастым. Ҳеш ким анық жуўап бере алмады.

— Сен қусап мен де бираз ғаррылардан сорадым, — деди бир күни жазыўшы Узақбай Пиржанов. — Бир ғарры менен сөйлестим, ол Ещанды да, Қурбаниязды да, тыңлаған екен. Жаңағы сораўды бергенимде ол «О-ой, иним-аў! Ещанға кимниң сөзи бар?! Ещан ким — Қурбанияз ким!» — деди.

Узақбай ағаның бул пикири усы фильм ҳаққында ҳәрекетимди тезлестириўге себепши болды.

Бул әжайып талант ийеси ҳаққында көп жыллар даўамында материал жыйнаған едим. Фильмниң басындағы Ибрайым болыс ўақыясын журналист Дәўлетбай Бекбаўлиев айтып берди.

Ещанның анасы оны көзи жақсы болып кетер деген ой менен Кегейлиниң көпири аўзында отырған Қарийшанға (қарый-ийшан. Аты умыт болып кеткен) әкелип береди. Оның қой бағып жүрип қосық айтқан ҳаўазын жол үсти баратырып Ибрайым болыс еситеди. Болыс сол күннен баслап Ещанды ғамхорлығына алады. Еле бала бақсы ўақтында қурға шығарып, қосық айттырады. Пүткил мереке даўамында сазын Ибрайым болыстың өзи шертеди.

Бақсының баласы Жарылқаған Ешановтың айтып бергенлери:

— Ағамның қасында Шерназар бақсыға бирге шәкиртликке түскен Қәнигүл деген бақсы қыз болған. Олар екеўи бирге мереке саўған. Дәстан атқарғанда қыздың қосығын Қәнигүл, ер адамның қосығын бизиң ағам атқарады екен.

Күнлердиң биринде Қәнигүлдиң курда дәсме-дәс қосық айтқанын Халқабадта Барлықбай болыс көрип қалады. Ол Барлықбай болысқа руўлас қарындас болған. Сол заманлары ҳаял адамның ортаға шығып қосық айтыўы қатты айып саналған. Намысқа шыдамаған болыс, бақсыдан кейин Қәнигүлди шақырып алып:

— Екинши мәрте курға шығып қосық айтқаныңды көрсем, шашыңнан байлап атқа сүйретемен, — деп кейийди.

Сол-сол екен, Қәнигүл бақсышылықты қойып кетеди.

Айназар Қунназаровтан еситкенлерим:

— Пиржан Сейтовтың әкеси Хожелиде турады. Пиржан болса Нөкисте — обкомның биринши секретары. Бир күни ғаррысы бир топар ғаррыларды ертип баласының үйине қыдырып келеди.

— Балам, мен мына ғаррыларға «Ещанды айттырып беремен» деп ертип келдим. Илажы болса сол бақсыны алдырып бер, — дейди.

Пиржан Сейтов бақсыға адам жибереди.

— Обкомға айтып бар, мен бара алмайман! — дейди Ещан бақсы. — Атақ берген бақсылары айта берсин!

Соннан алдынырақ Жапақ Шамуратовқа атақ берген болса керек.

Секретарь оған да тез күнде атақ бериўге ўәде берип, қайтадан адам жибереди. Мен бул жерин ешеги аңқырған себепли еситкен кейиси менен байланыстырып жибердим.

— Ҳақыйқатында да, Ещан ағаның бир жол менен барып келетуғын ешеги бар еди, — деп еслейди артист Тилепбай Қошқаров. — Ещан аға үйинен шығып ешекке минсе, туп-туўры радиоузелдиң алдындағы дилграмға басын тиреп тоқтайды. Қосық айтып шыққаннан кейин туп-туўры үйине алып келеди. Ещан ағаның көзи әззи болғанлықтан ешек солай үйретилген еди.

Халық аўзында сол ешектиң аңқырған даўысы эфирге кетип қалған, оны обком секретары еситип қалып, сол ўақыттағы радиокомитеттиң баслығы Хожабек Сейтовқа сөгис жәриялаған деген гәплер бар.

Бирақ, бул гәплерди әдебиятшы алым Әбдисайыт Пахратдинов бийкарлайды.

— Студияның есиги еки қабатлы аўыр қапы, оның ашық қалыўы, сырттағы ешектиң аңқырғаны микрофонға жетип келиўи мүмкин емес, — дейди ол.

Сонда да, халық аўзында көбирек айтылғанлықтан, бул ўақыяны фильмге қостым.

Сазенде Айтжан Хожалепесовтың техник Андрейге еки шийше вино берип, он бир нама түскенлиги бул анық дәлил.

— Айтжан аға соннан кейин кешикпей қайтыс болып қалды, — деп еслейди Әбдисайыт аға Пахратдинов. — Фондта ол шерткен он бир нама бар еди. Бирақ, биз атларын билмеймиз. Сол гезлери бақсы Қаражан Қабулов тири. Оны үйинен алдырып, намаларды тыңлаттық.

— Ўәй, шырағым-әй, шырағым-әй, — деп кеўли елжиреп отырып, намалардың атларын айтып берди, биз жазып алдық.

Лекин, Ещан бақсы Андрейге вино берип қосық түспеген. Ол аўырып атырғанда көшпели студияны алып барып алты қосық жазып алған. Оның нәўқасының жағдайы мәлим болған болса керек.

— Баллар, мен бул кеселден турып кетпес пе екенмен, тәўир болған соң түсеғойсам қәйтеди? — дейди Ешан бақсы хаўазын жазыўға келгенлерге.

— Тәўир болған соң қайтадан түсесиз аға. Ҳәзир сизиң қосығыңызды Ташкент сорап атыр, — деп кеўлин алады олар.

Буған кеўли көтерилип қалған Ещан:

— Ҳаў, бала, бизди Ташкент-әм биле ме екен? — деп йош пенен хаўазға түседи.

1984-жылы телевидениеде ислеп жүргенимде Ещан бақсының шәкирти Өтен Төрешовтың үйине бардым. Ол киси инсульт болып, аз ғана сөйлеўлери бузылған еди. Мен оны телевизорға түсирип алыўды усыныс еттим. Өзи қайыл болды да, лекин, хаялы көнбеди.

— Телевизордан өзин көрсе кеўли бузылып, сәл жерде өлип кетиўи мүмкин. Сен жаман атқа қаларсаң, қәйним, тийме! — деди.

Сонда Өтен ағаның айтқан бир гәпи:

— Устаздың алты қосығы жазып алынды. Бирақ, «Гәл-гәлай» намасы, Ещан ағаның ең жақсы айтатуғын қосығы берилмей қалды. Себеби, онда «Сталин өсирген бахыт бағында» деген қатар бар еди. Сол ушын бастырылып қалды. Маған радиодағылар көп жалынды: «Сталин сөзин «партия» деп айтып жибер» деп. Лекин, мен жүрек ете алмадым. Устаздай болыў қайда!

Қәлбийке Мәтьякубова Қурбанияз бақсы ўақыясын былайынша айтып берди:

— Мен жас қыз ўақтымда Ещан ағаға ерип қосық айттым, — деди ол. — Бир сапары Кегейлидеги бесинши аўыл бетте үлкен той болды. Адамлар сейисханаға лыққа толған. Бақсы Ещан аға. Қасында гиржекте баласы Қурбанбай. Ещан аға ара-арасында:

— Қәне, қызым, сен-әм бир-еки нама айт, — деп маған гезек берер еди.

Ещан аға сол қурда рәс-с ҳәўижге минип айтып атыр. Бир қарасам адамлар сийрексип қалыпты. Ҳәр ким ҳәр жерден турып кетип баратыр. Ещан ағаның болса көзи әззи, абайламайды.

— Аға, қурдағы адамлар сийрексип қалды ғо, — дедим мен.

Қурдан адам кетиў — бақсы ушын өлим. Ол тым-тырыс болып қалды. Қулақ түрип тынласақ, сыртта және бир бақсының ҳаўазы шықты.

— Қурбанияздың даўысы ғо! — деди Ещан аға.

Устаз жүдә ашыўшақ адам еди. Дуўтарын дәстесинен қысымлаўы менен Қурбанияз айтып атырған қурға жетип барды. Устазды көрген Қурбанияз лал болды да қалды. Ещан аға қолының арты менен пәтия берди де, дәрҳәл ешегине минди.

Ешекти тынбай қамшылап киятыр. Биз Қурбанбай екеўмиз жуўырып жете алмаймыз. Халық жапырылып Ещан ағадан кеширим сорап атыр:

— Ещан аға, бир ашыўыңды бер.

— Ещан аға, кешириң, бизден билмеслик кетти!

Лекин, ол ҳеш кимниң сөзине қулақ аспас еди. Аўылдан көз көрим узақласқан ўақта аспан жарқ ете қалды. Сейисханаға от кетти.

Фильмге сценарий жазардан алдын бул гәпке анықлық киргизиў мақсетинде Қурбанбай Ещановтың үйине бардым. Ол ўақытлары Қәлбийке апа қайтыс болып кеткен еди.

— Есимде жоқ, — деди Қурбанбай аға.

Лекин, бул ўақыяны ҳәмме халық билгенликтен, оны сценарийден алып таслағым келмеди. Бирақ, бақсының «қолының арты менен пәтия берди» деген жерин өзгерттим. Бәлким, булай болмаған шығар. Болғанда да, ол идеал қаҳарманның атына жараспайтуғын еди. Негизинде фильмдегидей:

— Ещан айтқыш!

— Як, Қурбанияз айтқыш! — деген бәсекилерден пайда болған ўақыя еди бул.

Айтжан Хожалепесовтың түс көриўи де ядтан тоқылған сюжет емес. Оған тийкар бар еди.

Ертеректе скульптор Дәрибай Төрениязов телевизордан шығып сөйледи.

— Айтжан мениң туўған бажам еди, — деди ол. — Бир күни үйине барсам, бажам ғамгүн отырған екен.

— Дәрибай, ертең бир күн дуўтарды сөйлеткен мына бармақларым топыраққа араласады-аў, — деди қамсығып.

Оның еле өлимди ойлайтуғын ўақты емес еди, жас еди. Бәлким, тәғдир билдирди ме, усы гәп аўзынан шықты. Кешикпей дүньядан өтти.

Қулласы, мен жыллар даўамында Ешан Қосполатов хаққында көп мағлыўмат жыйнадым. Соның ушын да, сценарий жазылмай турыпақ киноны көз алдымда көрип турған едим. Көркемлик кеңес ағзаларына:

— Сизлер маған сценарийди мақуллап бериң, мен сизлерди уятқа қалдырмайман, — деп сөз бердим.

Солай етип, сценарий жазылғаннан кейин үш жылдан соң мақулланды.

Бир күни көшеде Тилепбай Қошқаровты ушыратып қалдым.

— Ешан аға хаққында кино түсирейин деп атыр екенсиз. Ол киси тегин адам емес. Баслаўдан алдын қәбирин зиярат етип, өзинен руқсат алың, — деди ол.

Бул усыныс ертеде болған бир ўақыяны есиме түсирди.

1992-жылы мен «Арал» журналының атынан, марҳум Бахтияр Ақназаров, «Мадад» қамсызландырыў агентлиги атынан Жақсымбай Бекмуратовтың ҳүрметине лаққылардың таңлаўын өткериў хаққында баслама көтердик. Мәденият Министрлиги оны қоллап қуўатлады. Дәслеп зоналар бойынша — арқа районларда Шымбайда, Қубла районлар арасында Берунийде, батыстағы районлар арасында Қоңыратта таңлаўдың биринши басқышы өткерилди. Кейин республикалық таңлаў жуўмағы болды.

Қоңыратта өткен таңлаўдан кейин бизди шайға мирәт етти. Шай районның аржағында, «Рәўшан» савхозының орайында таярланып атыр екен.

Шайдан түнги он-он бирлерде қайттық. Алдымызда Бахтияр Ақназаровтың «УАЗ» машинасы. Онда Шамурат Өтемуратов, Аманияз Жүзимбетов, Кеңесбай Рахманов, тағы бир адам бар, ким екенин умыттым. Изде мен өзимниң «Москвич» — фургон машинамдаман. Мен рульде, Мырзабай Өтемисов қасымда. Дәрбент жолға шығарлықта Қоңырат беттен еки дөңгелекли прицеп тиркеген үлкен бир «Краз»

машинасы қатты тезликте келе берди. Узын трубалар тийеўге арналған машина жүксиз еди. Оны издеги прицепининң ойнап киятырғанлығынан билип турдық. Шамурат ағалар минген «УАЗ» иркилип турды да, «шығып кетемиз ғой» деген ой менен жақынлағанда «Краз»дың алдын тезлик пенен кесип өтип, үлкен жолға түсти. Сол ўақта «тақ» ете қалған сес шықты. Изинше «УАЗ»дан бир адам асфальтқа домалап түсти. «Краз» да иркилди, «УАЗ» да! Ҳәммемиз жуўырып бардық. Барсақ, «УАЗ»дан домалап түскен Шамурат аға екен. Шамурат ағаның шекесинен қан сорғалап тур. Лекин, жарақаты онша аўыр емес қусаған. Бул қурақым аманлық болғанына қуўанып, «Краз»ға руқсат берип жибердик. Шамурат ағаны болса бизиң фургонның артындағы скамейкаға отырғыздық. Райондағы емлеўханаға келемен дегенше оның басынан аққан қан малақайдың қарамындай жерди алыпты.

Емлеўханада Шамурат ағаны қыстаўлы түрде операция етип, жыртылған бас терисин тикти.

— Көрмегенимиз көп екен ғой, иним! — деп сол жерде Шамурат аға қамсығып, көзине жас алды.

Нөкиске келгеннен кейин ол еки ҳәпте емлеўханада жатып шықты. Кешигип болса да таңлаўдың республикалық басқышы жақсы өтти. Қанлыкөлли Қуўанышбай қызықшы сонда жеңимпаз болып, кейин ала пүткил республикаға таныллы.

1989-жылы Шамурат Өтемуратов ҳаққында «Адам күлдиргени ушын» деген эссе жазған едим. Таңлаўдан кейин «енди Жақсымбай аға ҳаққында китап жазыўым керек» — деген қыял менен жасай басладым.

Бир күни Жақсымбай аға түсиме енди:

— Сен бала мени тынышыма қойсаң-о! — деди айбат пенен. Өзи қара адам, көзиме әбден түтеп кеткендей көринди. Ол кисини ҳеш тирисинде көрмеген едим. Шоршып ояндым. Ырымларға ҳәм түске исенбесем де, усы сапары қорқтым. Китап жазыў нийетинен пүткиллей ўаз кештим. Тилепбай ағаның гәпи мениң есиме усы ўақыяны түсирген еди.

Усынысты бақсының баласы Жарылқаған аға Ешановқа айттым. Ол да мақуллады. Бир пийшемби күни шебекей бақсы Турғанбай Қәлендеров, Жарылқаған аға үшеўмиз зиятратқа «Шыбылай шайық»қа жол алдық. Дәслеп, атаға қуран тилабат еттик, соң Ешан атамыздың қәбирин зиятратладық. Бақсының қәбири дым елеспесиз ҳәм көримсиз аўҳалда екен. Басына қойған темир қорғанша нешше жыллап бояў

тиймегени көринип тур. Жарылқаған аға да жақында дүньядан өтти. Енди ол қәбир барып-барып белгисиз болып қалмаса дей бер.

Ертең кино түсириўди баслаймыз деп нийет еткен күни күтилмеген кеўилсиз ўақыя жүз берди.

Кабинетте ертеңги исленетуғын ислер ҳаққында керек адамлар менен телефонда сөйлесип отырсам, сырттан бухгалтеримиз Жуманияз аға Қурбанов албыраклап кирип келди.

— Өсенбайды машын қағып кетти! — деди ол зорға сөйлеп.

Сыртқа жуўыра шықтық. Шықсақ «тез жәрдем» машинасы жүрип баратыр екен.

— Аўҳалы қалай? — деп сорадым сыртта турған адамлардан.

— Билмеймиз! Экстренныйға алып кетти.

— «Тез жәрдем» кешигип келди ме?

— Яқ, бул екинши «тез жәрдем», — деди сол жерде кимдур. — Әсенбай әдепкисинде кетти.

— Бунда ким бар?

— Рахима. Әсенбайды машын қағып кеткенин көрип талып қалды.

Рахима студиядағы сипсекеш ҳаял еди, қан басымы бар еди оның.

Бир заманда әшир-нәшир бола қалды. Жәмәәтимиз бенен кеселханаға жуўырдық.

— Реанимацияда, аппаратта, — деди докторлар. — Ҳәзирше көзин ашқан жоқ.

Талып қалған Рахима кеселханада өзине келип, қайтып кеткен екен.

Реанимацияда қызым ислейтуғын еди. Лекин, бүгин нәўбетшиликте жоқ екен. Үйинен алып келдим.

— Азанға дейин өзине келип қалар, онша қорқынышлы еместей, — деди көрип шыққан қызым. — Ең баслысы — тез аппаратқа салған. Егер аппаратқа кешиккенде мийдиң белгили бир бөлегине кислород бармай қалып, аўҳалы аўырласып қалар еди.

Сол күни түнги он-он бирлерге шекем емлеўхананы дөгереклеп жүрдик. Өзгерис болмады.

Ертеңине азанда және қызымды үйинен алып келдим.

— Әсенбайды көресиз бе, аға, окошкаға келеғойың, — деди қызым иштен қоңыраў етип.

Биз көтерилип бараман дегенше ол жатқан кроватты есикке айдап алып келген екен.

— Ассалаўма әлейкум аға. Кеширерсиз, бүгин съёмкаға кетиўимиз керек еди, — деп күледи Әсенбай.

Ҳәммемиз «үҳ» деп суўық демимизди алдық. «Ешан атамыз да кәраматын бир көрсетти» деген ой өтти қыялымнан. Лекин, буны ҳеш кимге айтпадым.

Әсенбайға қолдан келгенше материаллық жәрдем көрсеттик. Ҳәр күни хабар алып турдық. Ол қыстаўлы жәрдем емлеўханасында еки ҳәпте жатқаннан кейин республикалық емлеўханаға өтти. Оған айтарлықтай зыян келмеди десек те, көз алдының булдыраўы кетпеди. Операторға болса көздиң тынық көриўи жүдә әҳмийетли.

Биз Батырбек Дилмуратов пенен съёмканы басладық. Әсенбай ярымынан кейин келип қосылды.

Съёмканың қалай болғанлығы ҳаққында ўақтыңызды алып отырмайын. Ондағы ўақыяларды дерлик алдын ала айтып бердим. Киноның биринши премьерасында интеллигенция ўәкиллери ҳәр бир қаҳарманды танып отырды. Онда Қазы Мәўлик, Аббаз шайыр, Пиржан Сейитов, Ибрайым Пәтиллаев, Айтжан Хожалепесов, Хожабек Сейитов, Фатима Бекполатова, Өтен Төрешов, Сейтнияз уста сыяқлы белгили инсанлардың образлары айқын көрсетилген еди. Айырымлары фильмде өз атлары менен берилди.

Еки сериялы бул кино телевизордан берилгеннен кейин және де даңққа бөленди. Ол халқымыздың миллий дәстүрлерине бай, халық намаларының ең жақсылары таңлап алынған, дем алып көретуғын музыкалы фильм болған еди.

Фильмди сүўретке аларда бизге халық жапырылып жәрдем берди. Болмаса түн ишинде 200-300 адамды жыйнап, оны үш-төрт саатлап иркип отырыў аңсат емес еди. Олар бақсының руўхын ҳүрмет етип қурды толтырды. Олардың ҳәр бириниң кеўлинде «миллий киномызға хызмет етиўимиз керек» деген мақтаныш сезими бар еди.

Оларға бүгинги күни қайта-қайта миннетдаршылық билдиргим келеди.

Биз мейли ҳүжжетли фильм болсын, мейли көркем фильм болсын халқымыздың жәрдемине сүйенип иследик. Айырым жанкүйер инсанлар бизден бетер жуўырып-жортып хызмет етти. Шоманайда «Ҳәўжар»ды түсириўде район басшылары, Қанлыкөлде «Гештек»ти сүўретке аларда Барно Шамуратова, Кегейлиде «Нама алыспақ»ты шөлкемлестириўде Жумамурат Султамуратов, «Ешан бақсы»ны сүўретке алыўда Ибрайым Бадақшанов, «Қайсар» ҳәм «Бесик той»ды түсириўде ақмаңғытлы жигитлердиң хызметлери оғада үлкен болды. Оларға қанша алғыс айтсақ арзыйды.

Әсиресе, «Мәргия» фильмин сүўретке аларда пүткил Шымбай халқы той берип атырғандай еди.

Ташкентли мийманлар қарақалпақ халқының миймандослығына, ашық кеўлине жүз мәрте, мың мәрте риза болды. Олар мени көрген сайын сол күнди ҳәўес пенен еске алады.

«Қарақалпакфильм» киностудиясында соңғы он жыл ишинде жүзден аслам ҳүжжетли фильмлер сүўретке алынды, жети көркем фильм жаратылды, биринши мәрте мультфильм ислеўде өзлеримизди сынап көрдик.

Әлбетте, студия өзиниң 40 жыллық өмири ишинде көп ғана фильмлер жаратты, дубляж иследи, қәнигели операторлар жетилисип шықты. Лекин, мен өзим көрмеген, араласпаған ислерди шамалап болжап айтыўды мақул көрмедим.

Ал, мен билген ҳәм усы китапшада келтирилип өтилген ўақыялар ҳәммеси ҳақыйқый еди.

Китапта бәлким «мен» сөзи көбирек айтылып кеткен болар. Бул ушын оқыўшыларымнан ҳәм студиядағы кәсиплеслеримнен және бир мәрте кеширим сорайман. «Қай кино жаратылған болса, оның ҳәр биринде бас редактордан тартып қараўылға дейин ҳәр бириңиздиң үлесиңиз бар, кино сизлердиң мийнетиңиз, кино халықтың мүлки» дегим келеди.

## ОЛАР КИНОНЫҢ ПИДАЙЫЛАРЫ ЕДИ

### ДАМИР ӘБДИМУРАТОВ



Дамирди мен Мәдәният министрлигинин репертуар бөлиминде ислеп жүрген ўақтынан таныр едим. Лекин, кейинги он-он бес жыл даўамында хеш көрмедим. Киноға келип, биринши мәрте ушыратқан адамым Батыр Дилмуратов пенен сол Дамир болды. Кейин хәр күни көретуғыным да сол Дамир болды. Мен қанша ерте келе берейин, бәрибир оның фаеде меннен бурын келип отырғанын көремен. Расын айтсам, хәр күни көре берип, жақтырмай басладым. Себеби, ол штатта жоқ, киностудияда ислемейди, лекин, усы мекемениң баяр хызметкериндей таң ата таяр турады, кеште хәммеден кейин қалады.

Биринши, «Елабат» ҳаққында фильмди усы Дамир менен басладық. Еки күнге режелестирген фильмимиз төрт күнге созылды. Күн болса суўық. Елабатта бизге берип қойған жайы музқала. Мен өзи тоңғақ адам едим, әбден силем қатты. Дамир болса тез-тез түсирип болағоймайды. Кейин билсем, ол сыртта, сыртта болғанда да Нөкистен узақта жүрип ислегенди тәўир көреди екен.

Студияда режиссёрдың штатлы хызметкер болыўы шәрт емес. Шәртнама бойынша жумыс бере бересең. Дамирге де усы қәде бойынша кино беремиз.

— Қәне, енди объект таңла, — деймиз.

— Муратбай аға, бул киноның съёмкасын Қазақдәрьядан аламан, — дейди ол.

Өзи биз бенен қатар, сонда да маған «аға» деп сөйлер еди.

— Жақынырақ жер жоқ па?

— Як. Қазақдәрьяда көзге алып жүрген орынларым бар.

Қалтасына пул, астына машын беремиз. Ең тез қайтқанда бир хәптеде қайтады. Лекин, обалына не керек, киноны жақсы ислейди. Ташкенттеги көзден өткериўде ескертиўлерсиз қабыл алынады.

Ўақтында хәптелеп кеткенине қанша ашыўым келсе де, нәўбеттеги фильмниң режиссурасын тапсырғанымды билмей қаламан.

— Ал, буны қәйерден түсиресең?

— Мойнақтан!

Күлип жиберемен. Бир сапары оған анамнан еситкен бир мысалды айтып бердим.

— Бизиң аўылда күнин зорға көрип отырған бир хожалық бар еди, — деген еди анам. — Жейтуғын нанын тандыр ошаққа қарсыма-қарсы қатырып алатуғын ғана ҳалы бар еди.

Жаңағы үйдиң ғаррысы азанда тура сала:

— Кемпир, кемпир? — деп шақырар екен.

— Неўе ғарры?

— Бүгин жаман түс көрдим кемпир, жетти нан садақа айттым!

— Қурған маңлай-аў, азырақ айтсаң болмай ма? Қолым дигирманнан кетпейтуғын болды ғо.

Арадан үш күн өтип және сол аўҳал:

— Кемпир! Жети нан садақа айттым.

— Сол айтқандай, бир күн Төрткүл, бир күн Мойнақ... Машинаға майды қайдан табаман, саған пулды қайдан табаман?! Киностудия Харун бай емес ғой.

— Өйтпесе аға! — деп күледи ол.

«Ҳәўжар»ды ол Шоманайда бир ҳәпте жатып таярлады. Мен съёмка күнин ҳәм орнын белгилеў ушын жақынлағанда бардым. Мәдeният үйиниң ҳәўескер қызларын сондай таярлаған, қыз ҳәўжар айтып ата-анасы менен, ағасы, жеңгеси, үкелери менен хошласқанда қурда турған адамлар жылады.

Ол тек фильмниң режиссурасына емес, мазмуны бойынша да сценарий авторы менен кегирдекке суў бүркип дәлиллесиуге бар еди. Нәжим Дәўқараевқа арналған «Илим аспанының жулдызы» фильминде бир жасы үлкен Нәжим Дәўқараевты қаралап жазған илимпаздың атын атады. «Усы жерин алып таслайық» деп турып алды ол. Мен «кетеберсин, ол адам өз сөзине жуўап береди» дедим. Дамир көнбеди. «Оның баллары бар, ақлықлары бар, жүзине ширкеў болады» деп өжетленип турып алды. Оған сөзимди өткере алмадым. Бир жағынан дурыс та болған екен. Академик Сабыр Камалов өмириниң ақырғы жылларында Аллаяр Досназаровтың үстинен ким арза жазғанлығын, сол арзаны архивте көргенлигин маған айтып берген еди. Дамирден алған сабағым бойынша мен де оны ҳеш жерге пайдаланбадым. Сабыр ағаның сонда айтқаны болды: ол адамларға арза жазды деп өкпелеўге де болмайды, себеби, олар тапсырманы орынлаған. Егер орынламаса Досназаровтың күни өзиниң басына түсер еди. Демек, Нәжим Дәўқараевты қаралаў да тапсырма менен исленген болыўы итимал.

«Миллий ойынлар» ҳаққындағы бир саатлық оқыў методикалық фильмди бизиң студияға берди.

— Буны кейин пүткил Өзбекстан бойлап көрсетемиз, — деген шешим болды.

Мен оның режиссурасын Дамирге тапсырдым. Дамир кеўилдегидей қылып ислеп шықты. Фильмди монтаж ислеп ҳәм агентликке тапсырып қайтыў ушын Ташкентке жөнеп кетти.

Арадан төрт-бес күн өткеннен кейин қоңыраў болды.

— Дамир аға фильмди жүдә жақсы ислеген екен. Баслықлар қатты мақтады. Лекин, мақтаўлар бирден қатты тәсир етти ме, мазасы қашып қалды.

— Не болды?

— Инсульт алды. Жарты жағы ислемей қалды. Сөйлеўи де аўырласты. Биз ҳәзир емлеўханаға жатқарып келдик.

Бул 2005-жылдың октябрь айы еди.

Тезде ҳаялын шақырып, материаллық жәрдем шығарып берип, Ташкентке жөнеттик.

Ҳәр күни ҳаялы менен сөйлесип, жағдайын бақлап билип турдық.

— Дамир қайтаман деп атыр, — деди бир күни арадан он-он бес күн өткеннен кейин ҳаялы.

Биз барыў-келиўине жетерли қәрежет берип, «Дамас»ты Ташкентке жөнелттик. Барыў-қайтыўы менен үш күнде алып келди.

— Дамир қатты ғайратлы екен, — деп таң қалды шофёр Орынбай. — Ташкенттен келемен дегенше турғеп отырып келди.

— Биз саған жатқарып алып қайт дедик ғо.

— Тыңламады. Жатыўдан жалығып кеттим деди.

Ҳақыйқатында да ол қарыўлы еди. Келгеннен кейин невролог шыпакер Жумабай Реймов оны үйине қатнап емледи. Кем-кем оның қолы да, аяғы да ҳәрекетке келди. Сөйлеўи толық тикленди. Жасыратуғыны жоқ, той-мерекелерге қатнасып, «қурттай-қурттай» көретуғын да дәрежеге жетти.

2008-жылы 18-январь күни ҳаялы Әнийпа ҳаўлығып қоңыраў етти.

— Дамир қайтадан жығылып қалды.

Қыстаўлы жәрдем емлеўханасына жетип бардық. Лекин, ол хабарласа алмады. Арадан үш-төрт саат өтип ол мәңгиликке көз жумды. Ол пүткил қәлби менен киноға берилген әжайып инсан еди. Оның орны ҳүўлеп қалды. Оған тапсырсаң арқайын болатуғын ҳүжжетли фильмлерге нәйлаж, режиссёр излей басладық.

## ПЕРДЕБАЙ ӨТЕБАЕВ



Кинода «картина директоры» деген лаўазым болады. Бул лаўазымды атқарған адам сол кино түсирип басланғаннан, қашан тамамланып, тамашагөйлер нәзерине усынаман дегенше фильмди сүўретке алыўшылар топарының «ҳәм әкеси, ҳәм анасы» ўазыйпасын атқарады.

Картина директорының қолында «Алаўатдинниң сыйқырлы шырасы» болыўы керек. Болмаса режиссёрдың кеўлинен шыға алмайды. Режиссёр табылыўы мүмкин болған, болмаған нәрселерди талап етеди.

— Маған бир қосыўыс ийт балық керек.

— Ертең түстен кейинге еки ақ боз ат, бир түйе... Түйениң изинде боталағы болсын.

— Фаныс табыў керек, моржасы сынық, түтеп жанатуғын.

— Шүтик шыра!

— Бизиң фильмге бала емизип отырған үлбиреген, жас келиншек керек. Көкиреги үлкен болсын. Бала демигип қалмаў ушын еки бармағы менен көтерип емизсин!

Әне, сизге режиссёрлардың талабы. Әлбетте, оларды айыплап болмайды. Өйтпесе фильм кеўлиндегидей шықпайды. Галливуд фильмлериниң продюссерларына не талап қойсаң арзыйды. Ал, бизиң фильмлеримиздиң картина директорларына...

Усы талаплардың бәрин күлип турып қабыл алатуғын, парасатлы, салдамалы, ҳәзил көтергиш инсан, «Қарақалпақфильм» киностудиясының картина директоры Пердебай Өтебаев еди.

Ол ҳеш қашан «буны ислей алмайман, буны қайдан табаман» деген емес. Оның шабандоз дослары көп болды. Ақ боз ат оларда болмаса, басқалардан таўып берди. Нөкистиң әтирапында кимлердиң түйеси бар, кимниң түйеси боталағанын гейде анық, гейде шамалап билер еди ол. Билмесе барып анықлап қайтады. Шүтик шыра табыў ушын базарға, суў ағар соғатуғын темиршилерге өтиниш қылады. Бала емизетуғын келиншекти табыўға ҳаялын яки қурдасларын иске салады. Фаныстың моржасы пүтин болса, бир шетин тислеўиш пенен урғышлап сындырады. Қулласы, режиссёрлар «аспандағы айды әпер» десе, түнде тамбасынға шығып ҳәрекет етип көретуғын инсан еди ол.

Көп жыл аўыл кеңестиң хызметкери болып ислеп, соң ойламаған жерде киноға араласып, оған пүткил көлби менен енисип кеткен бундай инсанды ушыратыў қыйын.

Ол съёмкадан бос ўақытларда студия шарбағын абаданластырыўға, пахта мапазында көмекшилерге басшылық етиўге де уқыплы болды. Периштели инсан еди ол. Хызметкерлер оны қатты сыйлар еди. Оның қантлы диабет кеселлиги бар еди. Лекин, бийтаплығын баҳана етип көрмеди. Азанда Дамир менен қатар гейде оннан да ерте келип хызметкерлерди фаеде күле шырай берип күтип алатуғын усы Пердебай аға еди.

— Пердебай аға, усы жерде қонып қалған жоқсаң ба? — деп ҳәзиллеседи жигитлер оның менен.

— Жеңгең қыдырып кетип еди, соннан кейин қайтпай-ақ қояйын дедим, — деп ҳәзилге ҳәзил менен жуўап береди ол.

«Маргия» фильмин сүўретке алыўды шөлкемлестириў ушын Ташкентке кететуғын болдық. Бахтияр Мәдияров «Дамас»ты айдап жүрди. Мен, Бәўетдин Баймурзаев, Әсенбай Асқаров ҳәм Пердебай аға. Кетпестен төрт-бес күн алдын ол жумысқа сәл ақсақланып келди.

— Ҳәўлидеги ҳәжетхананы билесиз ғо, түсерлиги жаман. Аяғым тайып кетип, бармағым қайрылып қалды, — деди ол.

— Онда қала бересең бе? — дедик биз.

— Картина директоры қалса бола ма? — деп күлди ол. — Режиссёрдың сораған нәрселерин таўып бере алмай қалсаңыз...

Ташкентте жазыўшылардың Дүрмендеги дем алыс үйинде болдық. Азанда шәҳәрге кетемиз.

— Зәрүр болмасам мен қала берейин, — дейди ол бизлерге. — Аяғым ауырыңқырап шықты.

Сонда ол тек бармағы қайрылып қалған емес, қантлы диабети асқынлап, буўынына жара түскен екен. Ауырыўды бәнелеўге тартынған болса керек, шамасы.

Ташкенттен он бес күнде қайтып келдик. Келгеннен кейин оның аўырыўы улғайды. Ташкенттеги эндокринология кеселханасына емлениўге барыўға мәжбүр болды. Келгеннен кейин он-он бес күн жүрди де, өзимиздеги республикалық кеселханаға түсти. Сол жерде оның аяғындағы жараларын қырып ала баслады. Бармағының бир буўынын алып таслады. Булардың бәри жыйналып жүрекке түсти. Оның үстине 2011-жылғы июль айындағы 45-48 градуслық ыссы нәтийжесинде қаны қойыўласып, жүрек қанды айдай алмай қыйналды. Нәтийжеде июль айының орталарында инфаркт алды.

«Бир аўырыў бир аўырыўға тәркинледи». Ҳәм қантлы диабет, ҳәм жүрек инфаркти, ҳәм күнниң қатты ыссылығы 2011-жылы 5-августта қәдирдан достымызды арамыздан алып кетти.

Алмагүл жеңгей бир жылға дейин өзине келе алмай жүрди.

— Сизлерди көрсем Пердебай тирилип келгендей болады, үй керек болса бизиң үйде түсириң киноңызды, — деп илтимас қылар еди ол.

Пердебай ағаның үйинде бурын «Уры»ны, «Қоңсылар»ды сүўретке алғанбыз. Ол «Отжағар» фильминде бас қаҳарман, «Қоңсылар» фильминде жолаўшы, «Өмирдиң үш пасылы» фильминде бийдиң ат қосшысы, «Курорт»та проводник рольлерин атқарған еди. Бүгинги күни бул рольлер оннан естелик болып қалды.

---

Редакторы *Р. Палуаниязова*
Художник редакторы *К. Рейпназаров*
Тех. редакторы *З. Алламуратов*
Операторы *Н. Саукиева*

**Лицензия: Ал № 108, берилген ўақты 2008-жыл 15-июль.**

Оригинал-макеттен басыўға руқсат етилген уақты 14.03.2014. Форматы 60x84 $^1/_{16}$. Тип «Times KRKP» гарнитурасы. Кегль 10. Офсет усылында басылды. Көлеми 3,25 б.т. 3,02 шәртли б.т 3,09 есап б.т. Нусқасы 500 дана. Буйыртпа №1.

«Билим» баспасы, 230103. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

«Билим» баспасында басып шығарылды.